47// Angin pepeteng kang nongga / lan pepeteng kasongga dening bumi / kocap ing jro Kuranipun / bumi bariyah ranya / kang ananggeng bumi tan ana kang weruh / anging Hyang Suksma uninga / Samud matur nuting Gusti //

48// Ya Mukhamad Rasulullah / inggih pinten⁶⁷³ bumi kang manjing swargi / Jeng Nabi andika⁶⁷⁴ arum / pipitu kang buntala⁶⁷⁵ / kang sawiji bumi Mekah aranipun / kapindho bumi Madinah / Betal Mukadas ping katri⁶⁷⁶ //

49// Kaping pat wawangunika / bapa Adam bumi dunya anenggih / noranana sastranipun / kaping lima sujiyah / aranira mungguh bumi esam iku / kaping nem bumi sariyah / munggendu sagara sanenggih //

50// Ping pitu aran maniyah / munggendu gunung esam bumi puniki / Samud matur leres tuhu / sabda tuwan punika / inggih Gusti pinten⁶⁷⁷ kehing mimbaripun / kang dinadeken dening Hyang / kang mimbar neng nagri pundi //

51// Angandika Rasulullah / papat ingkang dinadekeneng bumi / ing alap saking bumiku / papat siji aranya / bumi kelah kang ka (hlm. 69) pindho aranipun / kinelaming jro sagara / najun araning jeladri //

52// Kaping pat ana makarat / Samud matur aleres⁶⁷⁸ tuwan ugi / inggih pinten⁶⁷⁹ kathahipun / bumi manjing neraka / angandika Nabi Rasul maring Samud / papat kang manjing naraka / kang sawiji bumi Mesir //

⁶⁷³ A: pira

⁶⁷⁴ A: amuwus

⁶⁷⁵ A: bumi

⁶⁷⁶ A: tĕlu

⁶⁷⁷ A: pira

⁶⁷⁸ A: abĕnĕr

⁶⁷⁹ A: pira

46. Semua mengucap, / “Lailaha/ Mukhamadun, utusan Hyang Widi ”/ Samud ibnu Salam berkata, / “Apa yang menyangga / ikan besar itu?”/ Rasulullah bersabda, / “Angin besar yang menyangga,
47. angin kegelapan yang menyangga, / dan kegelapan disangga oleh bumi, / tersebutlah di dalam Quran / namanya Bumi Bariyah / yang menyangga bumi, tidak ada yang melihat, / tapi Tuhan tahu.” / Samud berkata, “Benar Gusti//
48. Ya Muhammad Rasulullah, / berapa bumi yang masuk surge?” / Baginda Nabi bersabda manis, / “Tujuh tanah, / yang satu namanya Bumi Mekah, / yang kedua Bumi Madinah, / yang ketiga Betal Mukadas,
49. yang keempat bentuknya, / yaitu Bapa Adam bumi dunia, / tidak ada maknanya, / yang kelima Sujiyah, / disebut Bumi Ęsam, / yang keenam Bumi Sariyah, / yang berada di lautan,
50. yang ketujuh disebut Maniyah, / di gunung esam bumi ini.” / Samud berkata, “Benar / sabda tuan / Gusti berapa banyaknya mimbar / yang dijadikan oleh Tuhan, / mimbar di negara mana?”
51. Bersabda rasulullah, / ”Empat yang dijadikan bumi, / diambil dari bumi itu, / Empat Satu namanya, / Bumi Kelah yang namanya kedua, / tenggelam di dalam lautan, / namanya lautan Najun,
52. yang keempat ada Makarat.” / Samud berkata, ”Benar Tuan, / berapa banyaknya / bumi masuk neraka?” / Bersabda Nabi Rasul kepada Samud, / “Empat yang masuk neraka, / yang satu bumi Mesir,

53// Enggonira Piron Raja / kaping pindho den arani antali , bumi sohbat kaping telu / lak lahir kang kaping pat / Samud matur atut sabda kang dhumawuh / duh Jeng Gusti Rasulullah / punapa kang dewastani⁶⁸⁰ //

54// Wonten⁶⁸¹ ingkang kadi⁶⁸² karat / Kangjeng Nabi Rasul andika malih / dunya nenggih aranipun / kang tan kelem kang dunya / datan kunang nenggih kang swarga gyanipun / lan kekal aneng neraka / Samud matur atut Gusti //

55// Ya Nabi utusaning Hyang / lir punapa nenggih Jabalkat wukir / Nabi angandika⁶⁸³ arum / jembare gunung ika / lan luhure yen linampah ana iku / ana limangatus warsa / lan isi bumi kasturi //

56// Lawan kang Bumi Salaka / patang puluh sapta kathah ning bumi / datan ana isenipun / ana anama dunya⁶⁸⁴ / ana isi sagara lan isi manuk / pucuking gunung Jabalkap / sami lan pucuk tungguling //

57// Tiyange atunggul pethak / kaya manik dawane tunggul iki / lalampahan sewu tahun / kumalah pucuk ira / tuwa nembe pucuking gunung puniku / tunggul apa (hlm. 70) ndarbe cawang / cawang ira apan katri⁶⁸⁵ //

58// Pucuke tumekeng⁶⁸⁶ wetan / kang pawiji⁶⁸⁷ tutug kulon pucuking / siji kebeg dunya iku / Samud umatur nembah / leres⁶⁸⁸ tuwan Gusti Nabining Hyang Agung / pinten⁶⁸⁹ jajare kang tiyang / Nabi Rasul andika ris //

⁶⁸⁰ A: ingaranan

⁶⁸¹ A: ana

⁶⁸² A: kayu

⁶⁸³ A: muwus

⁶⁸⁴ A: bumiya

⁶⁸⁵ A: tatiga

⁶⁸⁶ A: tutuking

⁶⁸⁷ A: satunggal

⁶⁸⁸ A: bĕnar

⁶⁸⁹ A: pira

53. Tempat raja Firaun, / yang kedua disebut Antali, / bumi Sohbat yang ketiga, / Lahir yang keempat."/ Samud berkata, "Benar sabda yang mengatakan / wahai Jeng Gusti Rasulullah, / apa yang disebut,
54. ada yang menjadi karat?" /Baginda Nabi Rasul bersabda, / "Namanya dunia / yang tak tenggelam di dunia, / mustahil tempatnya surga / dan kekal di neraka." / Samud berkata, " Benar Gusti,
55. "Ya Nabi utusan Hyang, / seperti apa gunung jabalkat?" / Nabi bersabda, / "Lebarnya gunung itu, / dan tingginya, jika dijalani / ada lima ratus tahun / dan isi bumi kasturi,
56. serta bumi perak, / empat puluh tujuh banyak di bumi, / tidak ada isinya, / walaupun ada nama dunia, / ada isi lautan dan isi burung, / puncak gunung Jabalkap / sama puncaknya,
57. orangnya berbendera putih, / seperti manik panjangnya bendera itu / perjalanan seribu tahun / ujung Kumalah itu / tua baru sampai pucuk gunung itu / bendera apa yang mempunyai cabang / cabangnya tiga,
58. ujungnya sampai timur, / yang satu sampai ujung barat, / satu penuh dunia itu." / Samud berkata sambil menghormat, /" Benar Tuan Gusti Nabi Hyang Agung, / berapa baris orangnya?"/ Nabi Rasul bersabda pelan,

59// Titiga jajare tiyang / kang sajajar atulis bismillahi / kang sajajar tulisipun /
Lailahailallah / lan wahlahulasarikalahulmulku / Allah ugi naun wala , hulkam
duyuyhi wayumit //

60// Wahuwakulusalawan / kibinkadirin iku tulis ping dwi / kaping tiga
suratipun⁶⁹⁰ / Lailahailallah / Mukhamadun lan Rasulullah puniki⁶⁹¹ / matur
Samud ing utusan / atut sabda tuwan Gusti //

XI - Pupuh Asmaradana -

1// Kasmaran⁶⁹² Samud turnyaris / pundi rumiyin⁶⁹³ dadosya / swarga lawan
nerakane / Kangjeng Nabi angandika / rumuhun kang suwarga / riyin sangking sih
puniku / saking rahmating Pangeran //

2// Samud matur atut singgih / sabda tuwan maring amba / ya Nabi nireng Hyang
manon / lawangipun kang suwarga / sapinten eletira / gih satunggil tunggilipun⁶⁹⁴
/ lan sapinten⁶⁹⁵ luhurira //

3// Nabi Rasul andikaris / pipitu lawanging swarga / mula samono lawange /
dekeh wong manjing suwarga / kedhik manjing naraka / eleting lawang puniku /
lalampah (hlm. 71) an sewu warsa //

4// Ingang laleyan agenging⁶⁹⁶ / sami lawan luhurira / yen linampahana mangko /
yekti patang puluh warsa / warna samyendah endah / jumanten rinenggeng murub
/ rinawit ing mirah abang //

⁶⁹⁰ A: tulis niku

⁶⁹¹ L: seharusnya jatuh pada vocal u.

⁶⁹² Kata *kasmaran* adalah sasmitaning tembang yang mengisyaratkan pupuh yang bermetrum Asmaradhana.

⁶⁹³ A: karuhun

⁶⁹⁴ A: sawiji wijikuh

⁶⁹⁵ A: pira

⁶⁹⁶ A: ěkehe

59. “(terdiri atas) tiga baris manusia, yang sebaris bertuliskan *bismillahi*, yang sebaris bertuliskan *lailahailallah*, serta *wahlahulasarikalahulmulkuallah* juga *naun walahulkamduyuhywayumit*,
60. *wahuwakulusalawan kibinkadirin* itu ditulis (sebanyak) dua kali, yang ketiga (yaitu) bertuliskan *lailahailallah mukhamadun* dan *rasulullahini*.” Samud berkata kepada utusan, ”Benar sabda Tuan Gusti,

XI - Pupuh Asmaradana -

1. Samud berkata pelan, “Mana yang diciptakan lebih dahulu, surga ataukah neraka?”. Kangjeng Nabi bersabda, “(yang) lebih dahulu (dibuat yaitu) surga (yang berasal) dari belas kasih (dan) rahmat Tuhan.”
2. Samud berkata, ”Benar sabda Tuan kepada hamba, wahai Nabi dari Tuhan yang Maha Melihat, berapakah banyak pintu surga, berapa jaraknya antar mereka, dan berapa tingginya?”
3. Nabi Rasul bersabda, ”Jumlah pintu surga sebanyak tujuh, seperti itulah keadannya, banyak orang yang masuk surga, dan sedikit yang masuk neraka. Jarak pintu surga adalah (ibarat) perjalanan seribu tahun.
4. Besar tembok sama dengan tingginya, jika diukur dengan (jarak) perjalanan, (sekitar) empat puluh tahun. Bentuk indah, (seperti) intan menyala (yang) diukir dengan batu mirah.

5// Pinatiking mirah adi / pating paluncar senenya / apucak kumala abyor /
senening lawang lir surya / kang atunggu malekat / tan karuwan⁶⁹⁷ kathahipun /
warnanira beda beda //

6// Dene ta isining swargi / barang kang linuwih pelag / Samud matur atut mangke
/ gih kadugi pinten warsa / wayah ing jalma swarga / lawan⁶⁹⁸ agung luhuripun /
lir punapa warnanira //

7// Kangjeng Nabi andika ris / wayahe sawelas warsa / luwih Nabyusup warnane /
dhedege sawidak asta / apan lir Nabi Adam / wong kang ana ing swarga gung /
pantanana cacadira //

8// Karyanira⁶⁹⁹ wong ing swargi / acangkrama lan kasukan / myang dhahar eca
ingkang wong / myanginum kang enak enak / mapan wong ing suwarga / tan
angising tan anguyuh / angising anging sapisan //

5. Diberi batu mirah/ cahayanya bersorotan/ ujungnya batu kumala/ cahaya
pintu seperti matahari/ yang menunggu malaikat/ tidak terhitung
banyaknya/ bentuknya berbeda-beda//
6. Sedangkan isi dari surga/ barang yang sangat indah/ Samud berkata ikut
nanti/ sampai berapa tahun/ waktu manusia di surga/ serta besar tingginya/
seperti apa bentuknya//

⁶⁹⁷ karuhun

⁶⁹⁸ mung

⁶⁹⁹ Panggawene

7. Baginda nabi bersabda/ waktunya sebelas tahun/ bentuknya lebih dari nabi Yusup/ besarnya enam puluh hasta/ seperti nabi Adam/ orang yang ada di surga agung/ tidak ada cacatnya//
8. Pekerjaan orang di surga/ bercengkrama dan bersenang-senang/ serta makan makanan lezat/ dan meminum yang segar-segar/ orang yang di surga/ tidak buang air besar atau buang air kecil/ buang air besar hanya sekali//

9// Sataun sapisan nenggih / apan pinancen wadhahnya / bokor jumanten wadahe / binuwang maring naraka / manuk ijo kang gawa / wawasuh bumi wangiku / lan karingete wong swarga //

10// Tandane⁷⁰⁰ asor kasturi / angambar nrus mrana mrana / lan tan kena ing ari (hlm. 72) pe⁷⁰¹ / datan lali wong suwarga / tan ana luwe nira / tan bosening swarga iku / nikmatira tan pasama //

11// Elete ingkang suwargi / ing sawiji wiji nira / pitung leksha ing dunyane / elete laleyanira / ingkang satunggal tunggal / saprapiton dunya iku / arane lawang ing swarga //


12// Lemahing swarga puniki / kang sarimbag emas abang / salaka kang sarimbage / lan wedhenipun mutyara / kasturi lolohira / ulame wong swarga iku / ing sakarsanira prapta //

⁷⁰⁰ karingate

⁷⁰¹ lan tan keting urip mangko

13// Kayu kang neng swarga iki / endah endah sarwa retina / ana uwit emas gligen / ana kang uwit selaka / epangipun kumala / inten ijo epangipun / godhonge sarwa kencana //

14// Wowohan ing swarga luwih / amanis arum rasanya / talageni ing swargane / papat talagenenira / pinarigi mutyara / ijo luwih luhung luhung / kang sawiji⁷⁰² banyu puwan //

- 
9. Yaitu setahun sekali/ jambannya/ terbuat dari bokor jamrut/ dibuwang ke neraka/ burung hijau yang membawa/ membasuh bumi harumnya/ dan keringat orang di surga//
 10. Lebih dari kasturi/ menjalar harum kemana-mana/ dan tidak pernah mengantuk/ tidak lupa/ tidak ada lapar/ tidak membosankan/ nikmatnya tidak ada yang menandingi//
 11. Jarak surga/ antara satu dan lainnya/ tujuh puluh ribu di dunia/ jarak temboknya/ antara satu dan lainnya/ seperti tujuh dari dunia ini/ nama pintu di surga//
 12. Tanah surga ini/ sebagian emas merah/ sebagian perak/ dan pasirnya mutiara/ obatnya kasturi/ ikannya orang di surga/ datang sesuai keinginannya//

⁷⁰² sanunggal

13. Kayu yang ada di surga/ indah-indah dan menarik hati/ ada pohon emas/
ana pohon perak/ cabangnya permata/ intan hijau/ daunnya serba emas//
14. Buah-buahan di surga lebih/ manis dan harum rasanya/ ada danau di surga/
ada empat/ mengeluarkan mutiara/ hijau lebih bagus-bagus/ yang satu air
susu//

15// Ana banyu sajeng manis / ana kang madu banyunya / na luwih wangi
banyune / bojone wong ing suwarga / padmi sakethi kehnya / sayuta
paminggiripun / parekan tan pawilangan //

16// Saben hari⁷⁰³ wong ing swargi / tinariman ing Hyang Suksma / pitung atus
sadinane / metu saking lalangitnya / saking kagunganing Hyang / tan arina
dalunipun / sami padhang (h. 73) ingkang swarga //

17// Dene senening retnadi / pating paluncar sorotnya / ana lir wulan rupane / ana
senen kadi lintang / dene kenyar⁷⁰⁴ing retna / pangayun kencana murub /
pinatiking sarwa pelag //

⁷⁰³ dina

⁷⁰⁴ kēbēring

18// Myang ayuning widadari / gumawang lir manik mulya / dene dadi ing asale / saking kasturi kapurnya / lawan ta ana toya / gesang gandanya mrik arum / luwih kapenak wong swarga //

19// Kuneng wong kang aneng swargi / kelamun iku cangkrama / salir kinarepna kabeh / datan suwe nuli prapta / sasedyane wong ika / sarta busanane murub / sarwa retna endah endah⁷⁰⁵ //

20// Kinarepna⁷⁰⁶ nuli prapti / arsa anggowa punapa / tinurutan ing Hyang Manon / yen arsa tetemu lawan / marang ing warga nira / mangkasukan karsanipun / memangan kang sarwa enak //

15. Ada air tuak yang manis/ ada air madu/ ada yang lebih harum airnya/ istri orang di surga/ istri utama seratus ribu banyaknya/ sejuta selirnya/ pembantu banyak sekali//

16. Setiap hari orang di surga/ diberi oleh Tuhan/ tujuh ratus seharinya/ keluar dari langit/ dari kepemilikan Tuhan/ tidak siang malam/ tetap terang di dalam surga//

17. Sedangkan cahaya permata agung/ sorotnya menyembul keluar/ seperti bulan bentuknya/ ada cahaya yang seperti bintang/ sedangkan cahaya permata/ dipimpin oleh emas yang menyala/ dihias serba indah//

⁷⁰⁵ sarwida

⁷⁰⁶ dhahat

18. Serta cantiknya bidadari/ terlihat seperti permata mulia/ sedangkan
 asalnya/ dari kapur kasturi/ dan ada air/ kehidupan baunya harum/ lebih
 menyenangkan orang surga//
19. Tersebutlah orang yang ada di surga/ jika bercengkerama/ selir
 dikehendaki semuanya/ tidak lama lalu datang/ semua keinginannya/ serta
 busananya menyala/ serba indah//
20. Yang diinginkan lalu datang/ akan membawa apa/ dituruti oleh Tuhan/ jika
 ingin bertemu dengan/ keluarganya/ padahal hanya bersenang-senang
 kemauannya/ memakan yang serba enak//

21// Malige sarwa retnadi / endah endah warnanira / ana sakane mencorot / senene
 ngluwihi surya / ana kang kadi wulan / singangsana sarwa luhung / muwah⁷⁰⁷
 menga menganira //

22// Aleksan anaking kapid / kang durung baleg puniki / lanang wadonira kabeh /
 muwah enggone wong swarga / tinon ing jinembulnya / gandanira⁷⁰⁸ amrik arum /
 urap urap sarwa sekar⁷⁰⁹ //

⁷⁰⁷ miwah

⁷⁰⁸ rasanipun

⁷⁰⁹ arum sarya ika gamelaning wong surga

23// Gamelaning wong suwargi ⁷¹⁰ / kang den karsaaken ana / muni go (h. 74)
dhongi wreksane⁷¹¹ / muwah pacangkamanira / lawan estri satunggal / samya
oleh rasanipun / sakeh wanodya sedaya //

24// Gih Gusti kadi punapi / tingkahe ingkang neraka / Kangjeng Nabi andika lon
/ tingkah ira kang neraka / pan api panganira / tan gesang malih wong iku / ana
binalenggu samya //

25// Api⁷¹² neraka puniki / apangkat pangkat kang teka⁷¹³ / sapa wani mring apine
/ yen anenga bumi dunya / tutug lor kidul wetan / lan ing kulon⁷¹⁴ panasipun /
geseng kang langit buntala //

26// Matur Samud atut Gusti / sabda tuwan dateng amba / duh Gusti kang den
panjingke / maring neraka punika / inggih tiyang punapa / Nabi Rasul mangkya
muwus / wong kang den panjingken nraka //

21. Mahligai dari permata/ indah bentuknya/ ada tiang yang bersinar/ sorotnya melebihi matahari/ ada yang seperti bulan/ singgasana yang serba bagus/ serta terbuka//
22. Banyak anak kafir/ yang belum balig/ laki-laki dan wanita semuanya/ dan tempatnya orang surga/ terlihat dari jambulnya/ baunya harum/ dihias banyak bunga//

⁷¹⁰ (x)

⁷¹¹ kakuyan

⁷¹² Gëni

⁷¹³ prapta

⁷¹⁴ kidul

23. Musik orang di surga/ yang dikehendaki semua ada/ berbunyi daun pohonnya/ serta pembicaraannya/ beserta satu wanita/ sedang mengolah rasa/ semua wanita//
24. Wahai baginda seperti apa/ tingkah orang di neraka/ baginda nabi bersabda dengan lembut/ tingkah mereka di neraka/ api adalah makanannya/ tidak hidup lagi orang itu/ ada belenggunya semua//
25. Api neraka itu/ bertingkat-tingkat yang datang/ siapa berani dengan apinya/ jika ada di bumi dunia/ sampai utara selatan timur/ dan di barat panasnya/ hangus langit bumi//
26. Samud berkata benar baginda/ sabda tuan kepada hamba/ wahai baginda yang dimasukkan/ ke neraka itu/ orang yang seperti apa/ nabi rasul lalu bersabda/ orang yang dimasukkan neraka//

27// Pan satrunireng Hyang Widi / wong munapek lawan kopar / wong kang angapus ulahe / lan wong anembah brahala / lan wong nembah mring brama / lan wong Nasarani iku / lan wong Yahudi rowangnya //

28// Lan wong dora cara ing ngling / lan wong musrik janma tapa / tan satuhu panditane / atapa karana riya / Samud kari satunggal / tan sun wartaken sireku / matur Samud leles tuwan //

29// Ya Gusti Nabi Mursalin / punapa karananira / datan tuwan warsaake / mangkyamba nunuwun dahat / lah tuwan warsakena⁷¹⁵ / sedaya dateng puku (h. 75) lun / Nabi Rasul angandika //

30// Umating sun kabeh iki / kang angenakaken iya / ing wewekasing sun mangke / kang lenggana pakoningwang / iya patang prakara / kang sawiji ngalap iku / mring darbek wong tan saweca //

31// Lan wonginum sajeng iki / kelawan wong ingkang jina / lan amateni maring wong / tan kabener dosanira / lan wong akadang warga / alpa lawan kadangipun / lan melayoken ing kaknya //

32// Lan wong ambebegal iki / Samud mangrepa wot sekar / atut sabda tuwan mangke / kadi pundi tingkahira / inggih ari kiyamat / Gusti Rasul andika rum / tengere langit wus andap //

27. Adalah musuh Tuhan/ orang munafik dan kafir/ orang yang suka menipu/ dan menyembah berhala/ dan orang yang menyembah api/ dan orang nasarani/ dan orang yahudi//

28. Orang yang berbohong dalam ucapannya/ dan orang musrik orang alim/ yang tidak sesuai dengan kealimannya/ menjadi alim karena ingin dipuji/ Samud tinggal satu/ tidak aku beritakan kepadamu/ Samud berkata benar tuan//

⁷¹⁵ucapana

29. Wahai Baginda Nabi mursalin/ apa sebabnya/ tidak tuan beritakan/ hamba memohon sangat/ tuan beritakanlah/ semua kepada hamba/ nabi rasul bersabda//
30. Umatku semuanya/ yang mengenakan/ pesanku nanti/ yang tidak mau (pada) perintahku/ yaitu empat perkara/ yang mengambil itu/ kepada milik seseorang tidak jujur//
31. Dan orang yang minum tuak ini/ dan orang yang berzina/ dan membunuh orang/ tidak kebetulan dosanya/ dan orang yang bersaudara/ lupa dengan persaudarannya/ dan melarikan haknya//
32. Dan orang yang merampok/ Samud memohon menghormat/ ikut sabda tuan/ seperti apa tingkahnya/ yaitu hari kiamat/ baginda rasul bersabda/ tandanya jika langit telah rendah//

33// Apan meh parek ing bumi / lintang runtuh sumamburat / gunung rubuh gempa longsor / apan keh manusa aprang / tunjangan telanjukan ⁷¹⁶/ dene petenge alimut / lebur saisining dunya //

34// Apan kabeh pada mati / Samud matur leres tuwan / gih Jeng Nabi Gustining ngong / sinten ta kawulaning Hyang / kang dereng sampe pejah⁷¹⁷ / ameningi dunya lebur / ing ari kiyamat benjang //

⁷¹⁶ anggëpuk ginëpukan

⁷¹⁷ mati

35// Angandika Kangjeng Nabi / kawulanireng Hyang Suksma / malakul maot
wastane / kasedhahan ametyawa / gung umating⁷¹⁸ Pangeran / kinen denireng
Hyang Agung / maring⁷¹⁹ ing Betal Mukhadas //

36// Ijrai (h. 76) l mangka tumuli / dateng ing Betal Mukhadas / hastane⁷²⁰ kang
tengen mangke / den ulungaken mring wiyat⁷²¹ / hastane ingkang kiwa / anerus
mring bumi pitu / den ala padha sapisan //

37// Saisining bumi langit / sagara gunung tan ana / lebur saisine kabeh /
srengenge datanpa cahya / lintang wulan tan cahya / matur gih leres pukulun /
inggih Gusti lir punapa //

38// Malakul maot punapi / kenging pejah tuwin nora⁷²² / Nabi Rasul andikane⁷²³ /
iya uga keneng pejah / andikaning Pangeran / umat sun wus padha lampus / sira
ngicipana⁷²⁴ pejah //

33. Jika hampir mendekat dengan bumi/ cahaya bintang berjatuhan/ gunung
rubuh gempa longsor/ banyak manusia berperang/ semuanya sendiri/
sedangkan gelapnya meliputi/ menghancurkan seisi dunia//

34. Semua mati/ Samud berkata benar tuan/ baginda nabi junjungan hamba/
siapa hamba Tuhan/ yang belum sampai mati/ mengalami hancurnya
dunia/ di hari kiamat besok//

⁷¹⁸ mahluk

⁷¹⁹ datēnga

⁷²⁰ tangane

⁷²¹ batin

⁷²² butan

⁷²³ angling

⁷²⁴ rasahaning

35. Bersabda baginda nabi/ hamba Tuhan/ malaikat maut namanya/ bertugas mengambil nyawa/ semua umat Tuhan/ diminta oleh Tuhan/ mendekat ke Betal Mukhadas//
36. Ijrail lalu kemudian/ ke Betal Mukhadas/ tangannya yang kanan nanti/ diulurkan ke langit/ tangan yang kiri/ menembus bumi tujuh/ diambil sekali//
37. Seisi bumi langit/ lautan gunung tidak ada/ hancur semuanya/ matahari tanpa cahaya/ bintang bulan tidak bersinar/ berkat benar baginda/ wahai baginda seperti apa//
38. Malaikat maut apakah/ kena mati serta tidak/ nabi rasul bersabda/ iya dapat mati/ firman Tuhan/ umatku sudah mati semua/ engkau cicipilah kematian//

39// Ijrail turira aris / kagunganing Hyang mung amba / ing sakarsa tuwan dados / kang andadosken⁷²⁵ mring amba / pan dados suka amba / pejah gesangong pinundhut / andikanireng Hyang Suksma //

40// Sira anenga tumuli / iya antaraning Swarga / kelawan⁷²⁶ ing nerakane / Ijrail mangkat tumulya / ing antaraning swarga / neraka nulya tumurun / duk tekeng pat puluh warsa //

⁷²⁵ andadikëning

41// Ya ta angicipi pati / mangkana wekasanira / patine Ijrail mangke / Samud matur leres⁷²⁷ tuwan / ya Nabining Hyang Suksma / pinten⁷²⁸ ta lering swarga gung / inggih kelawan neraka //

42// Angandika Kangjeng Nabi / elate swarga lan nraka / yen linampah ana mangko / (hlm. 77) apan tigangatus warsa / lelampah anakerat / matur gih leres⁷²⁹ pukulun / ya Nabi Rasul punapa //

43// Isining langit wus enting / tingkahipun kadi paran⁷³⁰ / Kangjeng Nabi andikane⁷³¹ / ginulung ingkang akasa⁷³² / dening Hyang Maha Mulya / saking titahing Hyang Agung / Samud matur leres tuwan //

44// Duh Gusti Nabi mursalin / tuwan kinarya utusan / Malekat Jabaraile / duk andawuhken⁷³³ mring tuwan / punapa lami lawan / duk Nabi Musa rumuhun / Jeng Nabi alon andika //

39. Ijrail berkata pelan/ hamba hanya milik-Mu/ terserah Engkau/ yang menjadikan hamba/ hamba rela/ hidup mati diambil/ firman Tuhan//

40. Engkau lihatlah segera/ di antara surga/ dan neraka/ Ijrail lalu berangkat/ di antara surga/ neraka kemudia turun/ ketika sampai empat puluh tahun//

⁷²⁶ lan

⁷²⁷ bĕnĕr

⁷²⁸ pira

⁷²⁹ bĕnar

⁷³⁰ punapa

⁷³¹ angling

⁷³² langite

⁷³³ duwak kinen

41. Akhirnya menyicipi kematian/ begitu akhirnya/ matinya Ijrail/ Samud berkata benar tuan/ wahai nabi Tuhan/ berapakah jarak surga/ dan neraka//
42. Baginda nabi bersabda/ jarak surga dan neraka/ jika dijalani ada/ tiga ratus tahun/ berjalan di akhirat/ berkata benar baginda/ wahai nabi rasul apakah//
43. Isi langit telah habis/ tingkahnya seperti apa/ baginda nabi bersabda/ digulung di angkasa/ oleh Tuhan yang Maha Mulia/ dari perintah Tuhan/ Samud berkata benar tuan//
44. Wahai baginda nabi mursalin/ tuan sebagai utusan/ malaikat Jabarail/ ketika menyampaikan perintah kepada tuan/ apakah lama dengan/ ketika nabi Musa waktu dahulu/ baginda nabi pelan bersabda//

45// Sayekti pahelan mami / dene ta iya Nabyadam / pan kagunganing Hyang Manon / ingsun utusaning Suksma / dadya panguluning Hyang / tinuduh ambirat sagung / suker gegelahing jagad // ⁷³⁴

⁷³⁴ // Sira amuji ing kagungan ing Yang Sukma / andika Nabi Rasul mangko / anut Tuwan Amba iku iya / utusaning Yang Sukma / panguluning Yang / katingsun / Nabi Adam kagunganing Yang //

46// Panutuping para Nabi / uninga⁷³⁵ ana sejagad / saka karsaning Hyang Manon / kinen Islamken priharja / sakeh kapir sedaya / Ki Samud anulya manut / inggih Gusti Rasulullah //

47// Siswaning tiyang Yahudi / kelawan tiyang Natsara⁷³⁶ / punapa tumuta kinon / Islam idhepa mring tuwan / punapa mung ing Mekah / punapa sajadag sagung / Jeng Nabi alon andika //

48// Kala wahyuning Hyang Widi / binekten Jabrail mulkan / kulyaayuhanasu ne /Inni Rasulullah lawan / alaekum punika / tegesing lapal puniku / (hlm. 78) ucapena ya Mukhamad //

49// Eh ya manusa sakehning / satu uning sun utusan / dinuta mring sira kabeh / nuta sira mring Mukhamad / pun Samud aturira / atut⁷³⁷ ing sebda pukulun⁷³⁸ / inggih Gusti Nabining Hyang //

50// Gih Jeng Rasul Gusti mami / punapa ujar punika / pan sedasa prakarane / kang tinurunakening Hyang / maring ing Nabi Musa / kalaneng Kakbah puniku / kalaming Hyang nulya prapta //

45. Sesungguhnya berbeda denganku/ nabi Adam/ adalah milik Tuhan/ aku utusan Tuhan/ menjadi imam Tuhan/ diperintah menghilangkan semua/ kotoran dunia//

⁷³⁵ anguping

⁷³⁶ Nasrani

⁷³⁷ leras

⁷³⁸ Tuwan

46. Penutup para nabi/ tahu ada sedunia/ dari kehendak Tuhan/ untuk mengislamkan/ semua kafir/ Samud kemudian menurut/ benar baginda Rasulullah//
47. Murid orang Yahudi/ serta orang Nasrani/ apakah diminta ikut/ Islam menghormat kepada tuan/ atau hanya di Mekah/ atautkah sedunia raya/ baginda nabi pelan bersabda//
48. Ketika wahyu Tuhan/ dibawa malaikat Jabrail/ kulyaayuhanasu/ Inni Rasulullah serta/ alaekum/ makna lafal itu/ ucapkanlah wahai Muhammad//
49. Wahai manusia semuanya/ sesungguhnya aku utusan/ diutus kepadamu semuanya/ ikutlah kamu sekalian kepada Muhamad/ Samud berkata/ ikut sabda baginda/ iya baginda nabi//
50. Baik baginda rasul tuanku/ apakah firman/ sepuluh perkara/ yang diturunkan Tuhan/ kepada nabi Musa/ ketika di kakbah itu/ ketika Tuhan kemudian datang//

51// Tan wonten kang uningani / liyan saking Rasulullah / kelawan malekat mangke / kang parek dening Hyang Suksma / Nabi Rasul andika / ujar kang sapuluh iku / kang tinurunakening Hyang //

52// Ujare lailallahi / lawan ilalahuakbar / apan mangkene arsine / nunggalaken ing Pangeran / Ki Samud matur nembah / atut⁷³⁹ sabda tuwan Rasul / lawan amba nuwun priksa //

53// Punapa ujar puniki / ingkang sinelir ing Suksma / nenggih ingkang sinungane / mring Nabibrahim punika / duk medal sangking Kakbah / andika⁷⁴⁰ Jeng Nabi Rasul / ujar kang sinelir ika //

54// Ujar Subkanallah nenggih / walkamdulillahi lawan / walailaha lan maneh / nenggih kang Allahuakbar / dene ta karsanira / kang subkanallah puniku / maha suci ananing Hyang //

55// Lulut ing sesameng mukmin / kang amuji ing Pa (h. 79) ngeran / tegesing alkamdu kiye / luwih ngawruhi Hyang Suksma / ing sakehing kawula / osike lan ilmunicipun / lawan sukure ing nikmat //

56// Yen tan ana ujar iki / nora ana nikmatira / ana dene ta tegese / ingkang ujar lailaha / anunggalakening Hyang / lan anut imbanganipun / ingkang ing aran kiyamat //

⁷³⁹ leras

⁷⁴⁰ amuwus

51. Tidak ada yang tahu/ selain rasulullah/ serta malaikat/ yang dekat oleh Tuhan/ nabi rasul bersabda/ firman yang sepuluh itu/ yang diturunkan Tuhan//
52. Firman itu lailalahi/ dan ilalahuakbar/ begini maknanya/ menyatukan Tuhan/ Samud berkata menghormat/ ikuut sabda tuan rasul/ serta hamba mohon tanya//
53. Apakah firman ini/ yang dipilih Tuhan/ yaitu yang pemberiannya/ kepada nabi Ibrahim/ ketika keluar dari kakbah/ baginda nabi bersabda/ firman yang terpilih itu//
54. Yaitu Subkanallah/ Walkamdulillahi serta/ walailaha dan juga/ Allahuakbar/ sedang maksudnya/ Subkanallah itu/ Maha Suci Tuhan//
55. Dekat kepada sesama mukmin/ yang memuji Tuhan/ makna alkamdu/ lebih mengetahui Tuhan/ kepada semua hamba/ geraknya dan ilmunya/ serta syukur nikmat//
56. Jika tidak ada ucapan ini/ tidak ada nikmatnya/ adapun maknanya/ ucapan lailaha/ Tuhan itu tunggal/ dan ikut imbangannya/ yang disebut kiamat//

57// Myang mring Allah Maha Suci / Allah luwih agungira / ujar kang linuwih dhewe / linuhuraken punika / kinasian dening Hyang / yen tan ana ujariku / ora ngangkat salatira //

58// Ya ta Samud matur aris / punapa wawalesanya / ingkang anebuta mangke / Kangjeng Nabi angandika / winalesing Pangeran / tur sinung begja wongiku / ing dunya tekeng akerat //

59// Lan kang angucap sireki / wong kang manjing ing Suwarga / Alkamdulillahi maneh / rabil alamin punika / Samud umatur nembah / lan punapa malhipun / inggih ta ganjaranira //

60// Inkgang anebut puniki / ing lailaha ilallah / Nabi Rasul andikane / ana ta sebdaning Suksma / ya ngalimuya jengal / ulinsan ing tegesipun / pan Swarga ganjaranira //

61// Lan kang angucap lir iki / iya kang Allahuakbar / linuwihken ing Hyang Manon / pan sinungan pangga (hlm. 80) weyan / linuhuraken iya / kalungguhane⁷⁴¹ wongiku / ing tembe ari kiyamat //

62// Ya Nabi Rasul punapi / Kakbah binangun maju pat / ing Jeng Nabi Ibrahim / angandika Rasulullah / karena amaju pat / dene ujar papat iku / sarengat lawan tarekat //

⁷⁴¹ palinggiyane

57. Serta Allah yang Maha Suci/ Allah lebih agung/ ucap yang utama/ diluhurkan itu/ dikasihi oleh Tuhan/ jika tak ada ucapan itu/ tidak mengangkat sholatnya//
58. Samud berkata pelan/ apa balasannya/ yang menyebutkan itu/ baginda nabi bersabda/ dibalas oleh Tuhan/ serta diberi keberuntungan orang itu/ di dunia sampai akhirat//
59. Dan yang berucap/ orang yang masuk surga/ Alkamdulillahi lagi/ rabil alamin/ Samud berkata sambil menghormat/ dan apa lagi/ pahalanya//
60. Yang menyebut ini/ lailaha ilallah/ nabi rasul bersabda/ ada firman Tuhan/ ya ngalimuya jengal/ ulinsan maknanya/ surga pahalanya//
61. Dan yang mengucap seperti ini/ Allahuakbar/ dlebihkan oleh Tuhan/ diberi sifat/ diluhurkan/ derajat orang itu/ besok di hari kiamat//
62. Wahai nabi rasul apakah/ kakkah dibangun persegi/ oleh baginda nabi Ibrahim/ bersabda rasulullah/ karena persegi/ ucap empat itu/ syariat dan tarekat//

63// Kang kekat makripat nenggih / lan malih madabe papat / Iman Sapingi wetine / Kanapi ing lor punika / Malikineng kilenya / Kambali gone nang kidul / Samud matur leres tuwan //

64// Gih Gusti kadi punapi / karena ing aran Kakbah / Kangjeng Nabi andikane⁷⁴² / pusering bumi punika / inggih Gusti punapi / karan ing aran puniku / sarengat lawan tarekat //

65// Khakekat makripat nenggih / Nabi Rasul angandika / dene martabat tegese / pangawulane wong ika / pasrahe wedi ika / mangkana ganjaranipun / Samud matur leres tuwan //

XII - Pupuh Durma -

1// Lir sindura⁷⁴³ Samud matur ing Jeng Duta / sinten tuwan takeni / Jeng Nabi andika / atakening iring wang / tengen Malekat Jabrail / Mikail ganya / aneng ing kiwa mami //⁷⁴⁴

2// Samud matur punapa karane tuwan / anama⁷⁴⁵ Ahmad nenggih / jujuluk Mukhamad / lan awasta basiran / lan nadiran tuwan mangkin / lawan ing (hlm. 81) aran / Hidayatullah nenggih //

3// Lan sirajan muridhan jujuluk tuwan / kalawan Abu Kasim / Nabi Rasul mojar / marmaning sun ing aran / Mukhamad dening pinuji / ing sabuwana / lan aran Ahmad mami⁷⁴⁶ //

⁷⁴² A: angling

⁷⁴³ Kata *sindura* adalah sasmitaning tembang yang mengisyaratkan pupuh yang bermetrum Durma.

⁷⁴⁴ A: // Ya Muhammad amba atakening Tuwan / Baginda Rasul sira angling / eh sakarapira / ana ikun iring wang / Jabrail ing tangan mami / lawan Mikail ing kiwa ningsun iki //

⁷⁴⁵ A: awasta

⁷⁴⁶ A: kami

63. Yang hakikat makrifat/ dan juga empat mazhab/ Iman Sapingi di sebelah timur/ Kanapi di utara/ Maliki baratnya/ Kambali di selatan/ Samud berkata benar tuan//
64. Benar baginda apakah/ karena disebut kakbah/ baginda nabi bersabda/ pusat bumi itu/ ya baginda apakah/ yang disebut/ syariat dan tarikat//
65. Hakikat makrifat yaitu/ baginda rasul bersabda/ sedangkan martabat maknanya/ penghambaan orang/ pasrah dan takut/ begitu pahalanya/ Samud berkata benar tuan//

XII - Pupuh Durma -

1. Samud berkata kepada utusan/ siapa yang tuan tanyai/ baginda nabi bersabda/ bertanya di sisi/ kanan malaikat Jabrail/ Mikail tempatnya/ di kiriku//
2. Samud berkata apa maknanya tuan/ nama Ahmad/ julukan Mukhamad/ dan disebut basiran/ lan nadiran tuan nanti/ serta nama/ hidayatullah//
3. Dan sirajan murid dan julukan tuan/ serta Abu Kasim/ nabi rasul bersabda/ sebab aku disebut/ Mukhamad oleh puji/ sedunia/ dan disebut Ahmad//

4// Dening pinuji saking langit sun ika / lan awasta Bukasim / sing angandeling wang / ginanjar ing suwarga / sing tan angandel suniki / anemu siksa / kalebu ing yomani ⁷⁴⁷//

5// Ing tembene iya ing ari kiyamat / Sun kinon ing Hyang Widi / nedhaken ing umat / sagunging wong sedaya / lan ajujuluk sun iki / iya basiran / iya ingsun warsani //

6// Ing swarga lan jujuluk ingsun nadiran / kang ing nraka wawarsi / ajujuluking wang / iya Hidayatullah / sun kang akon anut maring / agama Islam / marmanira suniki //

7// Ajujuluk sira jan lawan muniran / anuduhaken maring / ing umat sadaya / angentas saking nraka / padha mengku maring swargi / asowang sowang / sakeh wong Islam iki //

8// Samud matur aleres andika tuwan / Gusti paran karaning / wonten gangsal wekdal / asembah Hyang wongika / ing rina tumekeng ratri / gung umat tuwan / Jeng Nabi andika ris //

9// Tatkalane surya tekeng kulon ika / nalikane Hyang Widi / andadeken iya / sakehing (hlm. 82) kang dumadya / samya muji ing Hyang Widi / ana mandhega / aluhur pamujeki //

⁷⁴⁷ naraka ika kang tinĕmu wungiku

4. Aku dipuji dari langit/ dan disebut bukasim/ yang percaya padaku/ diganjar surga/ yang tak percaya padaku/ akan menemukan siksa/ masuk di neraka//
5. Pada akhirnya di hari kiamat/ aku diminta oleh Tuhan/ memintakan umat/ semua orang/ dan julukanku/ basiran/ aku terangkan//
6. Di surga dan julukanku nadiran/ yang di neraka artinya/ julukanku/ iya hidayatullah/ aku yang menyuruh menganut kepada/ agama Islam/ oleh karena aku ini//
7. Berjuluk sirajan dan muniran/ menunjukkan kepada/ semua umat/ keluar dari neraka/ (agar) masuk ke dalam surga/ sendiri-sendiri/ semua orang Islam//
8. Samud berkata benar sabda tuan/ baginda apa maknanya/ ada lima waktu/ orang menyembah Tuhan/ pada waktu siang sampai malam/ semua umat tuan/ baginda nabi bersabda pelan//
9. Ketika matahari sampai barat/ ketika Tuhan/ menjadikan/ semua mahluk/ semua memuji kepada Tuhan/ ada berhentinya/ sangat pujiannya//

10// Karanira asalat luhur punika / pinarlokaken iki / andikaning Suksma / malih anglakonana / karena lakuning mukmin / sariranira / karam ing narakani //

11// Ana poning waktu asar nalikanya / dhuk Nabi Adam uni / nalika adhahar / wohing kuldi punika / laranganireng Hyang Widi / margane anak / putu Adam prasami //

12// Parlu anglampahi tumekeng kiyamat / sing sapa anglakoni / linuwihkening Hyang / tembe ari kiyamat / ing waktu mahrib puniki / tatkalanira / Nabi Adham anenggih //

13// Panedhane tinarima ing Hyang Suksma / lawan tobatireki / karena ing aran / waktu mahrib denira / antuk apura wus lami / nandhang cintraka (-1) / dene dhahar woh kuldi //

14// Iya tigangatus dunya ing akerat / yen dina ing dunyeki / yekti sewu warsa / karena mahrib ika / tigang rekaat kathahing / kang sarekaat / ing dosa pangleburing //

15// Nabi Adam lan garwane Siti Kawa / ilang dosa nireki / muwa saluhurnya / kapindho rekaatnya / pangleburaning dosaning / ing dhesekira / kang sarekaat nenggih //

10. Disebut sholat luhur/ diperlukan/ firman Tuhan/ serta melakukan/ karena jalannya mukmin/ badannya/ haram di neraka//
11. Ada waktu asar ketika/ nabi Adam dahulu/ makan/ buah kuldi/ larangan Tuhan/ karena anak/ cucu Adam semuanya//
12. Perlu melakukan sampai kiamat/ barangsiapa melakukan/ dilebihkan Tuhan/ sampai hari kiamat/ pada waktu maghrib ini/ ketika/ nabi Adam//
13. Permintaannya diterima oleh Tuhan/ serta taubatnya/ karena disebut/ waktu maghrib/ mendapat ampunan sudah lama/ mengalami kesusahan/ karena memakan buah kuldi//
14. Iya tiga ratus dunia akhirat/ jika hari di dunia/ ada seribu tahun/ karena maghrib itu/ tiga rakaat banyaknya/ yang serakaat/ pelebur dosa//
15. Nabi Adam dan istrinya siti Kawa/ hilang dosanya/ serta atasannya/ kedua rakaatnya/ pelebur dosa/ yang memenuhi/ yang serakaat//

16// Minangka patobatira ing Hyang Suksma / pinarlokaken i (h. 83) ki / ing sariraning wang / kelawan umating wang / sawabe kaliwat becik / lamun lumampah / ing siratal mustakim //

17// Cahyanira apadhang luwihi wulan / salat isa puniki / kala Nabi Isa / medhal saking wetengan / sing sapa sembah Hyang iki / ing salat isa / kinaramaken maring //

18// Ing sajroning api neraka wong ika / karan pinarloken mring / ing sariraning wang / denireng Sang Hyang Suksma / lawan umating sun sami / myang ingkang salat / subuh andikeng Widi //

19// Eh anak putu Adam sira sadaya / padha reksanen niki / pepetenging salat / limang waktu punika / sih ing Hyang Agung kang prapti / mring kawulanya / ing nalika puniki //

20// Ing karsane **Imam Sapingi** punika / salat subuh puniki / sawusipun Isa / kang durung medal surya / bebenerane puniki / lelatul kadar / mangka ing mong saiki //

21// Keh tumurun rahmating Hyang waktu ika / pinaringaken maring / sakathahing umat / pada sira salat / sadurunging surya mijil / sira sujuda / aja ta sira kaki //

22// Kadhingan kapir akelawan setan / asujud anjenengi / tengah dalu ika / akeh setan kang padha / angridhu sesaba sami / asamburatan / pada mungkur ing Widi //

16. Sebagai pertaubatan kepada Tuhan/ diperlukan/ oleh badanku/ serta umatku/ pengaruhnya sangat baik/ jika berjalan/ di siratal mustakim//
17. Cahayanya terang melebihi bulan/ sholat isya/ ketika nabi Isa/ keluar dari perut/ yang siapa menyembah Tuhan/ di salat Isa/ diharamkan dari//
18. Di dalam api neraka orang itu/ makna diperlukan oleh/ badanku/ oleh Tuhan/ serta umatku/ serta yang sholat/ subuh firman Tuhan//
19. Wahai anak cucu Adam kamu semuanya/ jagalah ini/ gelapnya sholat/ lima waktu/ kasih Tuhan yang datang/ kepada hambanya/ yang pada waktu ini//
20. Dalam kehendak Imam Safi'i/ sholat shubuh ini/ setelah isya/ yang belum keluar matahari/ kebenaran ini/ lailatul kadar/ padahal di waktu ini//
21. Banyak turun rahmat Tuhan/ diberikan kepada/ semua umat/ sholatlah kamu sekalian/ sebelum matahari keluar/ engkau sujudlah/ jangan kau//
22. Didahului kafir dan setan/ bersujud berdiri/ tengah malam/ banyak setan/ yang keluar menggoda/ berhamburan/ durhaka kepada Tuhan//

23// Samud matur aleres andika tuwan / inggih (h.84) Gusti punapi / karan parlu tuwan / angambil toya hadas / inggih sakawan perluning / kaliwat mulya / saking anggaotaning //

24// Kangjeng Nabi Rasul alon angandika / iya iki karaning / dene Nabi Adam / keneng godha rencana / aningali kayu kuldi / desa king tingal / wit priksa wohing kuldi //

25// Nulya ilang cahyanira kang wadana / tan wenes ireng kusi / marma ingkang pada / ginirah iku iya / dene alaku tan yukti / yata wus prapta / arsaning kayu kuldi //

26// Inggang asta ngalap woh kuldi punika / nulya dhinahar aglis / antuk bukaning Hyang / Bagendha Adam ika / dene dhahar wohing kuldi / iya Nabyadam / jeng karsaking⁷⁴⁸ swargadi //

27// Saenggen enggen malayu Nabi Adam / tur ingkang cahya wusnir / sanget pamudunya / atobat mring Hyang Suksma / anuwun astane kalih / mangke nelangsa / ing kalepatan kehning //

28// Kuneng tinarima denireng Hyang Suksma / patobatira nenggih / yata parlunira / ing Nabi Adam ika / lan putra wayahe sami / gaota papat / ayun asalat nenggih //

⁷⁴⁸ jêngkar saking

23. Samud berkata benar sabda baginda/ wahai baginda apakah/ makna parlu tuan/ mengambil air hadas/ empat parlunya/ sangat mulia/ dari gerak tubuh//
24. Baginda nabi rasul pelan bersabda/ iya ini yang disebut/ nabi Adam/ terkena godaan/ melihat kayu kuldi/ karena dari penglihatan/ sejak melihat buah kuldi//
25. Kemudian hilang cahaya mukanya/ tidak bercahaya hitam kusam/ karena mereka/ dibasuh/ karena bertindak tidak patut/ ketika sudah datang/ kehendak kayu kuldi//
26. Tangannya mengambil buah kuldi itu/ kemudian dimakan segera/ mendapat pembukaan Tuhan/ baginda Adam/ sedangkan makan buah kuldi/ iya nabi Adam/ pergi dari surga//
27. Nabi Adam berlari kemana-mana/ cahanya telah hilang/ sangat menyesal/ bertaubat kepada Tuhan/ meminta dua tangannya/ nanti menderita/ karena banyaknya kesalahan//
28. Akhirnya diterima oleh Tuhan/ pertaubatan mereka/ parlunya/ nabi Adam itu/ dan anak cucunya semua/ empat perbuatan/ hendak sholat//

29// Mulanipun parlu amasuh wadana / duk Nabi Adam uni / angalap larangan / wadanane tumingal / maring wohing kayu kuldi / myang masuh asta / dene anggayuh kuldi //

30// Masuh sirah deka sundhul kang mustaka / asta myang suku neki / dhene tindak ika / maring kuldi gonira / myang kang sunat iku malih / masuh tutukya / manawa ana kari //

31// Manawana reregeding cangkem ira / lawan mustajab teki / ing panedhanira / kang amangan larangan / myang amasuh karna kalih / dara pon aja / siraa ngrungu nenggih //

32// Ing swarane api neraka ta sira / lan aja amiyarsi / ing swaraning siksa / besuk ari kiyamat / lumaku ing wot mustakim / masuh tenggaknya / derapon sira iki //

33// Tan kena ing balenggu api neraka / matur Samud sireki / leres sabda tuwan / inggih Gusti punapa / ganjarane wong puniki / angambil abdas / Nabi andika malih //

34// Ganjarane tatkala anggarap toya / kang anebut Hyang Widi / apanta ingalap / godha rencaneng setan / myang nejis rancana neki / ing awak ira / iyeku ing alapi //

35// Tulise dosane lawan ganjarannya / kang akekemu iki / sinung nala padhang / wicarane kawasa / amuji maring Hyang Widi / myang ganjarannya / angisep banyu iki //

29. Oleh karena itu parlu membasuh wajah/ ketika nabi Adam dahulu/
melanggar larangan/ wajahnya terlihat/ oleh buah kayu kuldi/ serta
membasuh tangan/ yang memetik kuldi//
30. Membasuh kepala yang menyundul/ tangan serta kaki/ bahwa perginya/
kepada tempat buah kuldi/ serta yang sunat lagi/ membasuh mulutnya/ jika
ada tertinggal//
31. Jika ada kotoran di mulutnya/ serta mustajab/ di dalam permintaannya/
yang memakan larangan/ serta membasuh telinga dua/ supaya jangan/
engkau mendengar//
32. Suara api neraka/ dan jangan mendengar/ suara siksa/ besok hari kiamat/
berjalan di jembatan mustakim/ membasuh lehernya/ supaya engkau//
33. Tidak terkena belunggu api neraka/ berkata Samud/ benar sabda tuan/
baginda apakah/ pahala orang ini/ mengambil abdas/ nabi bersabda lagi//
34. Pahalanya ketika mengambil air/ yang menyebut Tuhan/ diambil/ godaan
setan/ serta najis/ di badan itu/ yaitu diambil//
35. Dosa dan pahala/ yang berkumur/ diberi hati yang terang/ bicara kuasa/
memuji kepada Tuhan/ serta pahalanya/ menghisap air//

36// Sinungan gonda arum luwih ing swarga / myang ganjarane iki / amasuh wadana / sinung becik rupanya / metu cahyane ing rai / gumilang gilang / tembe kang a (h. 86) neng swargi //

37// Ganjarane amasuh asta punika / sinung anggepok maring / widadari swarga / ing tembene wongika / katekan sasedyaneki / myang ganjaranya / amasuh sirah iki //

38// Sinung kawasa amakutha ing swarga / lan linebur dosaning / dene ganjaranya / amasuh ingkang karna / myarsa mring unen unening / lan awasira / ing andikaning Widi //

39// Lan angrungu ing pangandikaning duta / lan ganjarane malih / amasuh ing murda / kawasa nganggo sira / panganggo kang luwih adi / ganjaranira / masuhi suku kalih //

40// Sinung gancang lumaku ing wot siratal / aglis mugah ing swargi / Samud matur nembah / aleres sabda tuwan / gih Gusti paran karaning / ing parlunira / adus jinabat nenggih //

41// Lamun ngising aprituwinyen aturas / wajib sira masuhi / punapa sababnya / angandika Jeng Duta / duk Nabi Adam mulaning / dhahar kuldika / nulya turas darbeni //

42// Metu kamamarmane wajib punika / adus jinabat iki / anak putu Adam / myang tahi uyuh ira / mijil nuju sariraning / kuldi ampasnya / ambatalaken iki //

36. Diberi bau harum lebih di surga/ serta pahala/ membasuh muka/ diberi bagus rupa/ keluar cahaya di wajah/ bersinar-sinar/ akhir yang ada di surga//
37. Pahala membasuh tangan itu/ diperbolehkan menyentuh/ bidadari di surga/ pada akhirnya orang itu/ terlaksana maksudnya/ serta pahalanya/ membasuh kepala ini//
38. Diberi kuasa bermahkota di surga/ dan dilebur dosanya/ sedangkan pahalanya/ membasuh telinga/ mendengar bunyi-bunyian/ dan tajamnya/ firman Tuhan//
39. Serta mendengar sabda utusan/ dan pahalanya lagi/ membasuh kepala/ boleh memakai/ pakaian yang sangat indah/ pahalanya/ membasuh dua kaki//
40. Mudah berjalan di jembatan siratal/ segera naik ke surga/ Samud berkata menghormat/ benar sabda baginda/ baginda apakah namanya/ perlu/ mandi jinabat//
41. Jika buang air besar serta buang air kecil/ wajib dibasuh/ apakah sebabnya/ bersabda baginda utusan/ ketika nabi Adam bermula/ makan kuldi/ kemudian buang air kecil mempunyai//
42. Keluar spermanya oleh karena itu wajib/ mandi jinabat/ anak cucu Adam/ serta kotoran seni/ keluar dari badan/ kuldi sisanya/ membatalkan ini//

43// Pan ing abdas matur Samud leles tuwan / inggih Gusti punapi / wong kala sanggama / wenang lanang kaganjar / utawi botenireki / tampi ganjaran / denira ing Hyang (h. 87) Widi //

44// Ginanjar kang lanang denireng Hyang Suksma / karane osike nenggih / lamun mukmin sira / tur wasil ing makripat / lanang wadon mangke singgih / lamun janabat / wong ingkang asanggami //

45// Pitung leksa malekat ingkang angreksa / saking rancaneng iblis / tur den langgengena / ing palinggiyanira / ing singasana sireki / wus cinadhangan / ing swarga jalu estri //

46// Samud matur aleres andika tuwan / inggih Gusti punapi / kang sinuratena / ing dalem Toret kitab / utawi ing banisrail / angestoken / ing Nabi Musa nenggih //

47// Angandika Nabi Rasul maring sira / eh Samud angapeki / lamun sun waraha / yektine andhepira / angandika ris sun iki / pun Samud mojar / lawan wong Nasarani //

48// Kapir Amba sedaya ngandel ing tuwan / Bagendha Rasul angling / kang rumahun iya / tinuliskan ing kitab / Toret muni Mukhamadin / ingkang winaca / ing Nabi Musa iki //

49// Alladina da Mukamaktub punika / arsine lapal iki / anutupi marang / Toret Injil punika / Mukhamad kang dera panggih / kang angandela / tan ana lyanireki //

43. Sabab abdas berkata Samud benar tuan/ wahai baginda apakah/ orang ketika bersetubuh/ boleh laki-laki diberi/ atau tidak/ menerima ganjaran/ oleh Tuhan//
44. Ganjaran untuk laki-laki oleh Tuhan/ disebut gerak/ jika mukmin/ serta wasil dalam makrifat/ laki-laki wanita nanti pasti/ jika janabat/ orang yang bersetubuh//
45. Tujuh puluh ribu malaikat yang menjaga/ dari godaan iblis/ serta diabadikan/ kedudukannya/ dalam singgasana/ sudah disediakan/ di surga laki-laki dan wanita//
46. Samud berkata benar sabda tuan/ wahai baginda apakah/ yang disurat/ di dalam kitab Taurat/ atau di bani Israil/ mengiyakan/ nabi Musa//
47. Nabi Rasul bersabda kepadanya/ wahai Samud tidak layak/ jika aku mengajarkan/ sesungguhnya hadapanmu/ berkata pelan aku ini/ Samud berkata/ dan orang nasrani//
48. Kafir hamba semua percaya kepada tuan/ baginda rasul bersabda/ yang dahulu iya/ ditulis di dalam kitab/ Taurat berbunyi Mukhamadin/ yang dibaca/ oleh nabi Musa//
49. Alladina da Mukamaktub itu/ makna lapal ini/ menutupi kepada/ Taurat Injil/ Mukhamad yang ditemui/ yang percaya/ tidak ada yang lain//

50// Wus lah sinurataken direng Hyang Suksma / ing jroning Toret iki / araning sun iya / lan rane⁷⁴⁹ umating wang / lan ar (h. 88) ane putu mami / pun Samud mojar / aleres tuwan Gusti //

51// Ya dhuh Gusti tuwan karsaaken uga / kaluwihane Gusti / lawan umat Tuwan / kelawan wayah tuwan / Kangjeng Nabi andikaris / kluwihaning wang / winenang amaringi //

52// Anedhaken panjaluke umating wang / marang ing Sang Hyang Widi / ing ari kiyamat / kang anedhakening wang / tan karena panedhaning / pra Nabi gungnya / yekti mung saking mami //

53// Apaning sun lir kaluwihaning toya / manis karane iki / suci dening toya / uripe lata wreksa / sayekti saking toyadi / lawan sing sapa / asih kurmat Hyang Widi //

54// Sampurna agamane Islam wong ika / Samud matur ing Nabi , leres sabda tuwan / wong Islam mangke ika / kanugrahaning Hyang Widi / pun Samud mojar / maring andika Nabi //

XIII - Pupuh Asmaradhana -

1// Kasmaran⁷⁵⁰ matur punapi / kaluwihaning wong lanang / maring wadon punikae / Nabi Rasul angandika / lir langit lan buntala / aluwih langit puniku / tan urip kalawan toya //

⁷⁴⁹ Arane (julukan)

⁷⁵⁰ Kata *kasmaran* adalah sasmitaning tembang yang mengisyaratkan pupuh yang bermetrum *Asmaradhana*.

50. Sudah tersurat oleh Tuhan/ di dalam Taurat/ disebut aku/ dan nama umatku/ dan nama cucuku/ Samud berkata/ benar tuan//
51. Wahai baginda tuan menghendaki juga/ kelebihan baginda/ serta umat tuan/ dan cucu tuan/ baginda nabi bersabda dengan lembut/ lebihhanku/ diperbolehkan memberi//
52. Memintakan permintaan umatku/ kepada Tuhan/ di hari kiamat/ yang memintakan aku/ bukan karena permintaan/ para nabi semua/ pasti hanya dari aku//
53. Aku seperti air yang lebih/ manis namanya/ suci oleh air/ hidupnya daun dan kayu/ sesungguhnya dari air/ dan barangsiapa/ kasih hormat kepada Tuhan//
54. Sempurna agama Islam orang itu/ Samud berkata kepada nabi/ benar sabda baginda/ orang Islam nanti itu/ anugerah dari Tuhan/ Samud berkata/ kepada Nabi//

XIII - Pupuh Asmaradhana –

1. Berkata apakah/ kelebihan laki-laki/ daripada wanita/ nabi rasul bersabda/ seperti langit dan bumi/ lebih langit itu/ tidak hidup dengan air//

2// Bumi urip dening warih / samangkana wong wanodya / urip saka ing lanange /
 yen tan ana among lanang / estri mong saanaa / ku kaluwih aning kakung /
 amengku maring wanodya //

3// Andikanireng Hyang Widi / iya marang ing wong lanang / rumeksa asira (h.
 89) kabeh / ing sakehe wong wanita / karena mangke sira / luwih saking wadon
 iku / tan dikanireng Hyang Suksma //

4// Samud matur atut singgih / sabda tuwan mring kawula / lan punapa karanane /
 jalu sing estri punika / kangjeng Nabi andika / dene Nabi Adam iku / dinadeken
 saking lemah //

5// Wong wadon dadi wit saking / iya sayektining Adam / ana dene Adam reko /
 idhepe wong wadon ika / tinurunakening Hyang / saking swarga mulanipun / den
 panjangakening dunya //

6// Kalawan estri puniki / kaluwihaning wong lanang / kocap aneng jro Kurane /
 yen estri sukaning lanang / nora kongang wanodya / agawe ibadah iku / yen tan
 sukane kang lanang //

7// Tan bisa munggi ing swargi / yen mring lanang nandhang dosa / Samud
 matur leres mangko / eh Nabi Rasul punapa / karena parlu tuwan / puwaseng
 ramlan puniku / Nabi Rasul angandika //

8// Dene nabi Adam nenggih / angurani toya pangan / nakar andikaning Manon /
 kutiba alekum siyam / kama kutiba lawan / alladina minkabli kum / artine lapal
 punika //

2. Bumi hidup karena air/ begitu juga wanita/ hidup dari laki-laki/ jika tidak ada laki-laki/ mustahil ada wanita/ itu kelebihan laki-laki/ menjaga wanita//
3. Firman Tuhan/ kepada laki-laki/ jagalah kau semua/ kepada semua wanita/ karena kau/ lebih dari wanita/ begitulah firman Tuhan//
62. Orang ahlulullah rasanya/ sesungguhnya wujud itu/ yaitu rahsa semuanya/ yang keluar dari khakekat/ jika bukan keadaan/ firman Tuhan yang Maha Luhur/ kun tukan jan lan makpiyan//

63// Tegese lapal puniki / sun iki gedhong kang samar / awal akir (h. 113) ika kabeh / lair batin iski ika / asik magsuk pan iya / ilmu alim lawan maklum / lahir batin tanggaling Hyang //

64// Iku khakekat kang jati / mangka lamun arah iya / ing tan yun ika enggone / dadi wicarane beda / dene tegese awal / wiwitane sira weruh / ing ananira Hyang Suksma //

65// Dene tegesireng batin / dene awal iku iya / akir dene alam reko / dadi awor beda beda / kaya kut rat iradat / ing karsaning Hyang Kang Luhur / kang ngiski birahenira //

66// Birahineng dzat pribadi / ngasik birahi ing sipat / kang magsuk binraekake / mungguh ing wong Ahlulullah / kang ngelu pangawikan / alim kang wikan puniku / maklum kang kinawikanan //

67// Kang kocap kabeh puniki / tunggal anane punika / kelawan sir Nabi mangko / ing khakekate punika / iya kang aran wahdat / anduweni roro laku / jatine kang Wujudullah //

68// Kang Wujudullah puniki / martabete ingkang wahdat / genya ngumpulaken mangko / lawan misahakening Hyang / kang ing antaraning dzat / satuhune wahdat iku / ilmu kang pasthi punika //

69// Ika pangwruh kajati / yen ana Allah kang nyata / Kyai Samud ma (hlm. 114) tur alon / amba anut dhateng tuwan / inggih Gusti punapa / wakidiyat jatenipun / ngong dhandhang⁷⁵⁵ tetelanira //

⁷⁵⁵ Kata *dhandhang* adalah sasmitaning tembang yang mengisyaratkan pupuh yang bermetrum *Dhandhangula*.

63. Makna dari lafal ini/ aku ini gedung yang samar/ awal akhir semuanya/ lahir batin iski/ asik magsuk/ ilmu alim serta maklum/ lair batin bersatu dengan Tuhan.
64. Itu hakikat yang sejati/ padahal jika iya/ tidak mau itu tempatnya/ jadi bicaranya berbeda/ sedangkan maknanya awal/ permulaan kau melihat/ oleh adanya Tuhan.
65. Sedangkan makna batin/ awal itu iya/ akhir oleh alam reko/ menjadi campur berbeda-beda/ seperti kudrat iradat/ oleh kehendak Tuhan yang Maha Luhur/ yang iski birahinya.
66. Birahi dzat sendiri/ asik birahi yang bersifat/ magsuk dibirahikan/ menurut orang ahlulullah/ yang mengikuti ilmu/ alim yang tahu/ maklum yang diketahui.
67. Semua ini/ tunggal adanya/ serta sir nabi/ pada khakekatnya/ iya yang disebut wahdat/ mempunyai dua laku/ sesungguhnya wujudullah.
68. Wujudullah ini/ martabatnya yang wahdat/ oleh mengumpulkan/ serta memisahkan Tuhan/ yang diantara dzat/ sesungguhnya wahdat itu/ ilmu yang pasti.
69. Itu pengetahuan kajati/ jika ada Allah yang nyata/ Samud berkata pelan/ hamba mengikuti tuan/ baginda apakah/ sesungguhnya wakidiyat/ hamba terangkanlah//

XVI - Pupuh Dhandhanggula -

1// Kangjeng Nabi angandika aris / dene jatenira wakadiyat / kan nyata aning Hyang Manon / angawikani iku / ing sipate lawan apngali / muwah sakehing asma / lawan ingkang mujud / dedalan kabeh punika / tan lyan sangking ing mupasal kang sajati / dene wus pisah pisah //

2// Anane kang siji siji iki / kala saking dalem ilmuning Hyang / satengah angucap mangke / kaya langit puniku / sampun nyata langit nireki / miwah bumi punika / nyata bumipun / lan sapepadhane ika / sampun nyata ing wakidiyat puniki / durung lahir kewala //

3// Ing natkala wakidiyat iki / lan ing akyat punika / iku manusa jatine / jatineng manuseku / ananipun sipat sajati / kang sipat ananing dzat / wong Ahlullah iku / mangkana pangucapira / sajatine akyan sabitah puniki / ana sajroning asma //

4// Kang asma iku durung nyatani / agi aneng sajroning wijinya / sipat durungnya nyatane / ana ing jroning wujud / jatineng saedat puniki / nyata akyan sabitah manusa puniku / anane dzat ingkang nyata / ana (h. 115) ing jroning ilmu ekhak puniki / iku jatineng Suksma //

5// Angandika wong Ahlullah iki / jatinipun ilmu alim ika / kelawan ilmu maklume mangke / lan iski asik magsuk / iku tunggaling sakaliring / kang wus kasebut arsa / dzat lan sipatipun / kelawan apngalan asma / kabeh tunggaling khakekate puniki / lamun arahing akal//

XVI - Pupuh Dhandhanggula -

1. Baginda nabi berkata lembut/ sesungguhnya wakadiyat/ mengetahui nyatanya Tuhan/ mengetahui itu/ di dalam sipat dan apngal/ serta semua nama/ serta yang berwujud/ jalan semua/ tidak lain dari mupal yang sejati/ sudah terpisah-pisah.
2. Adanya yang satu-satu ini/ ketika dari dalam ilmu Tuhan/ sebagian mengucap begini/ seperti langit itu/ sudah nyata langit/ serta bumi/ nyata buminya/ dan sesamanya/ sudah nyata di dalam wakidiyat/ belum lahir saja.
3. Ketika wakidiyat ini/ dan di dalam akyat itu/ manusia sejati/ sesungguhnya manusia/ adanya sifat sejati/ yang bersifat adanya dzat/ orang ahlullah itu/ begitu ucapannya/ sebenarnya akyan sabitah ini/ ada di dalam nama.
4. Nama ini belum nyata/ sedang ada di dalam bijinya/ sifat belum nyata/ ada di dalam wujud/ sesungguhnya syahadat ini/ nyata akyan sabitah manusia itu/ adanya zat yang nyata/ ada di dalam ilmu ekhak ini/ itu sukma yang sejati.
5. Berkata orang ahlullah ini/ sesungguhnya ilmu alim itu/ dan ilmu maklum/ dan iski asik magsuk/ itu satu semua/ yang sudah tersebut mau/ dzat dan sifatnya/ dan nama apngalan/ semua saudara khakekat/ jika niat dari akal.

6// Bedha bedha arane puniki / ing tarekat kelawan sarengat / nora mongsa lan mangsane / ing akhadiyat iku / wahdat wakidiyat puniki / iku ajaling Suksma / lan ajaling makluk / iku pasthi wakidiyat / lan ing akyan sabitah mangke puniki / aran jatining insan //

7// Akyan sabitah mangke puniki / ngelmi iya iku ing aranan / dzat alim aran sipate / maklum ing aranipun / apngalira Hyang Suksma Jati / aran iski punika / edzat jenengipun / asik ing aranan sipat / ingkang maksuk ing aranan apngal jati / awal akir kang awas //

8// Iya ingkang ing aranan akir / kinawruhan ananing Pangeran / ing lahir wruh ing batine / birahining dzatipun / kang birahi sipat puniki / kang bineraekanya / apngal aranipun / jatine brahining napas / kang birahi tan na (h. 116) pas wastanireki / anpas ika Pangeran //

9// Binraeken denireng Hyang Widi / napas iku ing jantung prenahnya / tan napas puad prenahe / anpas ing rahsa iku / Samud matur nut karseng Nabi / inggih kados punapa / trap ing karsanipun / anenggih ilmu kang Mulya / dadalane badhe ngawruhi mring Widi / inggih Gusti punapa //

10// Kang ing aranan ati puniki / kadi pundi atining manusa / kang ingaku mring Hyang Manon / lan prenahe puniku / Kangjeng Nabi andika malih / atine kang tetiga / ati jasmaniku / kapindho rahmani ika / kaping tiga ati puad den arani / kang sabongsa ingira //

6. Berbeda-beda namanya/ tarekat dan syariat/ tidak berwaktu dan waktunya/ di dalam akhadiyah/ wahdat wakidiyat ini/ itu akhir sukma/ itu pasti wakidiyat/ dan di akyan sabitah ini/ disebut manusia sejati.
7. Akyan sabitah ini/ disebut ilmu/ sifatnya dzat alim/ namanya maklum/ apngalnya Tuhan/ disebut iski itu/ namanya dzat/ asik disebut sipat/ yang maksuk disebut apngal sejati/ aal akhir yang terang.
8. Yaitu yang disebut akhir/ diketahui adanya Tuhan/ pada lahir melihat batinnya/ birahinya dzat/ yan birahi sipat ini/ yang dibirahikan/ apngal namanya/ sejatinya birahinya nafas/ yang birahi tidak ada namanya/ anpas itu Tuhan.
9. Dibirahikan oleh Tuhan/ napas itu di jantung letaknya/ bukan napas puad letaknya/ anpas itu rahsa/ Samud berkata ikut kehendak nabi/ ya seperti apa/ sesuai dengan kehendak/ ilmu yang mulia/ jalannya akan mengetahui kepada Tuhan/ ya Tuhan apakah.
10. Yang disebut hati ini/ seperti apa hati manusia/ yang diaku oleh Tuhan/ dan letaknya itu/ baginda nabi bersabda/ hatinya yang ketiga/ hati jasmani/ yang kedua rahmani/ yang ketiga ati puad/ yang sebangsanya.

11// Inggang abong saati jasmani / ati puad kang bongsa Suksma Luhur / kang ing ngaku gegentya singgih / ati inggang tetiga / napsuning Hyang luhur / ingaku umat punika / lang ingaku pasareyaning Hyang Widi / Samud anuting karsa //

12// Inggih Gusti apan kadi pundi / inggih kang aran ajalmungalak / amba tuduhna jarwane / pratela kang puniku / mulanipun sawiji wiji / Kangjeng Nabi andika / sadurunge iku / inggang ngelmu durung nyata / kang manusa wus ana karsaning Widi / nyatane yen manusa //

13// Kang manusa nyata yen suja (hlm. 117) lmi / jalma iku nyataning wong iya / apan punika anane / kang wong arane iku / kanyataan jagad puniki / Kang jagad iku iya / nyateng cerminipun / cermin nyata inggang samar / inggang samar iku nyata inggang ghaib / ghaib nyateng dadalan //

14// Ing aranan dadalane getih / nyatanipun ing daging punika / daging nyataning tingale / kang paningal puniku / nyateng rupa inggang sajati / kang rupa iku nyata / ing anane iku / nyatane makripat ika / kang makripat nyatane iku johari / johar nyateng paesan //

15// Kang paesan nyataning roh iki / inggang eroh nyataning edat / edatnya tengkahane / kahanane puniku / nyateng jenengira sajati / jeneng nyataning gesang / kang uripuniku / nyata ing karsa punika / inggang karsa nyatane pangandikaning / kalam nyata ing rahsa //

16// Inggang rahsa nyatane kang budi / budi iku nyataning kang Suksma / Suksma nyataning Hyang Manon / Hyang Manonnya teng kalbu / kalbu iku nyataning esir / sir iku nyatanira / ing sahadat iku / sahadat sampun gumelar / dadya ana manusa kelawan ejin / muwah lawan malekat //

11. Yang termasuk hati jasmani/ ati puad yang termasuk sukma luhur/ yang diaku ganti kebenaran/ hati yang ketiga/ napsu Tuhan/ diaku umat/ dan diaku tempat tidur Tuhan/ Samud mengikuti kehendak.
12. Iya baginda seperti apa/ yagn disebut ajalmungalak/ hamba tunjukkanlah maknanya/ jelaskanlah yang itu/ mulainya satu-satu/ baginda nabi bersabda/ sebelum itu/ yang berilmu belum nyata/ manusia sudah ada kehendak Tuhan/ nyatanya jika manusia.
13. Manusia nyata jika manusia/ manusia itu nyata orang/ itu adanya/ orang namanya itu/ kenyataan jagad ini/ jagad itu juga/ nyata cerminnya/ cermin yang samar/ yang samar itu nyata yang gaib, gaib nyata jalan.
14. Disebut jalan darah/ nyatanya di dalam daging/ daging nyatanya penglihatan/ mata itu/ nyata rupa yang sejati/ yang rupa itu nyata/ adanya itu/ nyatanya makripat/ yang makripat nyatanya johar/ johar nyata hiasan.
15. Yang hiasan kenyataan dari roh/ roh kenyataan dari dzat/ dzat sifatnya/ keadaannya itu/ nyata namanya sejati/ nama kenyataan kehidupan/ yang hidup itu/ nyata di dalam kehendak/ yang berkehendak nyata ucapan/ pena nyata di dalam rahsa.
16. Rahsa nyatanya budi/ budi nyatanya sukma/ sukma nyatanya Tuhan/ Tuhan di dalam hati/ hati itu nyatanya sir/ sir itu nyatanya/ di dalam syahadat/ syahadat sudah tergelar/ menjadi ada manusia dan jin/ serta malaikat//

17// Samud Ibnu Salam matur aris / (hlm. 118) inggih ta Gusti kadya punapa /
wuwotaning jagad kabeh / kang dadeaken iku / karsaning kang badan puniki /
Kangjeng andika / ing aranan rohiku / ana aranipun ika / ingkang wadon badan
namane puniki / awor ing aran johar //

18// Nyataning roh karep maring isi / lan kang badan kareming wawadhah /
mesthi kadadene mangke / lan pasthi isinipun / dadi rahsa nenem gih niki / rahsa
suka titiga / kaya mani iku / lawan kang madi puniku / lawan wadi kaya manikem
warnaning / rahsa patiti tiga //

19// Kaya saadat rupane iki / lawan kaya warnanipun salat / salat lir weruh rupane
/ kang gumelar puniku / pipitu kang rahsa puniki / ingkang aneng ing jasad / ing
manusa iku / tinitipaken Suksma / kang manusa rasaning paningal iki / lan
rasaning pamiyarsa //

20// Lan rasaning pangambu puniki / lawan rasaning pangucapira / lan rasaning
awak kabeh / lan rasaning kang kalbu / kadi rahsa kang wau singgih / kaya kang
mani ika / ibarate iku / urang urangane mata / rahsa methi reng irengi netra kalih /
iku ibaratikah //

21// Rahsa madi ibarate iki / apan kadi puputih ing mata / ingkang kadi ika
mangke / ingkang manikem iku / rahsa uriping Hyang Kang Jati / (h. 119)
dadining ananetra / titiga rahseku , rahsa sadurunge medal / iku saniwilayat
wastanireki / iku ananing netra //

17. Samud ibnu salam berkata lembut/ iya baginda seperti apa/ jembatan dunia semua/ yang dijadikan itu/ kehendak badan/ baginda bersabda/ disebut roh itu/ ada namanya/ yang wanita namanya/ bercampur dengan johar.
18. Nyatanya roh ingin kepada isi/ dan badan suka dengan tempat/ pasti kejadiannya/ dan pasti isinya/ menjadi rahsa enam/ rahsa member tiga/ seperti sperma/ serta madi/ dan wadi seperti manikam bentuknya/ rahsa terbagi menjadi tiga.
19. Seperti syahadat bentuknya/ serta salat/ salat seperti melihat bentuk/ yang tergelar/ tujuh rahsa/ yang ada di badan/ pada manusia/ dititipkan kepada Tuhan/ manusia rasanya mata/ dan rasanya telinga.
20. Dan rasanya penciuman/ serta ucapan/ dan rasanya badan semua/ dan rasanya hati/ seperti rahsa yang benar/ seperti sperma/ ibaratnya/ udang-udangan mata/ rahsa hitam-hitamnya dua mata/ itu ibarat ikah.
21. Rahsa madi ibarat/ putihnya mata/ yang seperti/ manikam/ rahsa hidupnya Tuhan/ jadinya ada mata/ ketiga rahsa itu/ rahsa sebelum keluar/ itu saniwilayat namanya/ itu namanya mata.

22// Ingkang wilayat puniku nenggih / panggonane kang netra kang kanan / kang neng netra ing kiwane / ulayat aranipu / sadurunge medal puniki / pun Samud alon turnya / atut Jeng pukulun / sakarsan ta wus kayogyang / gih Jeng Nabi turuning rahsa puniki / ing pundi pernahira //

XVII - Pupuh Kinanthi -

1// Kandhaning Jeng Nabi muwus / kang cahya nur saking langit / Abdullah sahkawibuan / ing enur kalawan ing sih / luluh ajurasanira / tumurun ing pitung bumi //

2// Aneng usul kalam iku / warnanira den parinci / kadi lintang rupanira / dene aranira kandil / cinandelaken ing aran / maksih surasa araning //

3// Cahya nur buwat puniku / tumiba marang rokhani / dadi purwane kang jagad / rasane tumitis malih / marganing napas punika / tumiba ing otot malih //

4// Kakalih kang otot iku / sarambut agengireki / kang ing tengen sarirasa / arane punika singgih / kang ing kiwa tingal rasa / arane tetali jati //

5// Tumurun kang rasa iku / dhateng ing tenggak puniki / iku anunggal ing napas / ro (hlm. 120) ro ing tenggak puniki / wakid uwa ing aranan / pun Samud anut Jeng Nabi //

22. Wilayah itu adalah/ tempatnya mata yang kanan/ yang di mata kiri/ ulayat namanya/ sebelum keluar/ Samud pelan berkata/ mengikut baginda/ sekehendak tuan sudah patut/ baginda nabi turunnya rahsa ini/ di mana tempatnya.

XVII - Pupuh Kinanthi -

1. Sabda baginda nabi/ yang cahaya dari langit/ Abdullah sahkawibuan/ cahaya dengan kasih/ luluh hancur rasanya/ turun di tujuh bumi.
2. Di usul kalam itu/ bentuknya diperinci/ seperti bintang bentuknya/ sedangkan namanya kandil/ disebut jendela/ namanya masih rasa.
3. Cahaya nurbuwat itu/ jatuh kepada rohani/ menjadi asal mula dunia/ rasanya menitis lagi/ sebab jalannya napas itu/ jatuh di otot lagi.
4. Kedua otot itu/ serambut besarnya/ yang di kanan sari rasa/ namanya benar/ yang di kiri tinggal rasa/ namanya tali sejati.
5. Turun rasa itu/ sampai leher/ itu bersatu di dalam napas/ dua di leher ini/ disebut wakiduwa/ Samud mengikuti baginda nabi.

6// Aleres tuwan ing kayun / nyata Jeng Nabi mursalin / inggih Gusti kadya paran / tegese kang otot Gusti / Kangjeng Nabi angandika / tegese otot puniki //

7// Apan napas aranipun / kang den turut rahsa jati / Samud Ibnu Salam mojar / aleres tuwan karsani / inggih Gusti kadya paran / turune wontening pundi //

8// Bagenda Rasul amuwus / kang rahsa tumurun malih / tumibeng sagara retna / ula ula kang sayekti / tumedhak ira kang rahsa / mring arga nurden arani //

9// Gunung kembar namanipun / kang anerus rahsa jati / maring sari rasa gyanya / \tibaning kang rasa iki / Samud Ibnu Salam mojar / aleres karsaning Gusti //

10// Gusti kadi pundi niku / tingkah ing aksara nenggih / pinten kathahe punika / inggih ingkang wonten ati / Kangjeng Nabi angandika / iku cacahira katri //

11// Pan alip ingkang rumuhun / kapindho lamlamateki / kaping tiganipune a / unining sastra puniki / apan Allahu punika / kang aneng sajroning ati //

12// Atisirullah ranipun / kang amuni yausinggih / iyeku ati kang mulya / kang andadeken sekalir / pun Samud umatur nenggah / aleres tuwan (h. 121) karsani //

13// Gih Gusti ingkang puniku / tumuruning pundi malih / inggih kang rahsa punika / Jeng Nabi andika aris / tumurun mring puser ika / kang aneng nurullah iki //

6. Benar kehendak tuan/ nyata baginda nabi mursalin/ baginda seperti apa/ makna otot/ baginda nabi bersabda/ makna otot.
7. Disebut napas/ yang diikut rahsa sejati/ Samud Ibnu Salam berkata/ benar kehendak tuan/ iya baginda seperti apa/ tidurnya di mana.
8. Baginda Rasul bersabda/ rahsa turun lagi/ jatuh di lautan permata/ sungguh panjang/ turun di rahsa/ kepada gunung nurden.
9. Namanya gunung kembar/ yang menembus rahsa sejati/ kepada sari rasa/ jatuhnya rasa ini/ Samud ibn Salam berkata/ benar kehendak baginda.
10. Baginda seperti apa/ tingkah laku huruf/ berapa banyaknya/ yang ada di dalam hati/ baginda nabi bersabda/ itu jumlahnya tiga.
11. Alip yang pertama/ yang kedua lam/ yang ketiga a/ bunyinya huruf ini/ Allah/ yang ada di dalam hati.
12. Namanya atisirullah/ yang berbunyi yau/ yaitu hati yang mulia/ yang menjadikan semuanya/ Samud berkata/ benar yang tuan kehendaki.
13. Benar baginda yang itu/ turunnya dimana lagi/ yaitu rahsa itu/ baginda Nabi berkata lembut/ turun sampai puser/ yang ada nurullah ini//

14// Tumurun malih puniku / marang ingkang minyak jaid / ingkang ing aran Aminah / tumurun malih puniki / maring ing kekempung ika / enggening rahsa puniki //

15// Ing aranan salam iku / tumurun malih rahsaning / marang ing walikat ika / aranan Jaminah iki / kang rahsa nuli tumedhak / maring wawadah kang mani //

16// Kang ing aranan puniku / pan Kalamullah anenggih / ana satengah kang kalam / arani alakat iki / nuli tumurun kang rahsa / ring pucuking kalam malih //

17// Ing aranan rahsa iku / nukhat gaib den arani / dene rupane kang nukat / kaya lintang johar iki / nulya tumurun kang rahsa / maring papan kang sajati //

18// Tumurun ing banyu iku / wus tumiba rahsa iki / mangka sinungan sahadat / denira ing Sang Hyang Widi / sahadat puniku iya / apanta kalimah kalih //

19// Sadat lahir kang karuhun / asaduanla puniki / ilahailallah ika / Mukhamad Rasulullahi / ping kalih batin punika / saidnaan pusanati //

20// Saidallahu puniku / ngalaan pusinat iki / tegese lapal punika / anakseni Hyang (hlm. 122) Pribadi / yen noranana Pangeran / anging uga sun Pribadi //

21// Kang aneng kaluwatipun / kang darbe satadahiki / mangka arupa paesan / sawayanganing nur singgih / sakabehe sagingsira / kelawan kang weteng iki //

14. Turun lagi/ sampai minyak jaid/ yang disebut aminah/ turun lagi/ sampai kemih/ tempatnya rahsa.
15. Yang disebut salam/ turun lagi rahsanya/ sampai di belikat/ disebut jaminah/ rahsa kemudian turun/ sampai tempat sperma.
16. Yang disebut itu/ yaitu kalamullah/ ada sebagian kalam/ namanya alakat/ kemudian turun rahsa/ di ujung kalam.
17. Yang disebut rahsa itu/ namanya nukat gaib / sedangkan bentuknya nukat/ seperti bintang johar/ kemudian turun rahsa/ kepada tempat yang sejati.
18. Turun air ini/ sudah jatuh rahsa ini/ maka diberi syahadat/ oleh Tuhan/ syahadat itu/ kalimat dua.
19. Syahadat lahir yang dahulu/ asaduanla/ ilahailallah/ Mukhamad Rasulullahi/ yang kedua batin itu/ saidnaan pusanati.
20. Saidallahu/ ngalaan pusinat/ makna dari lafat itu/ aku bersaksi/ tidak ada Tuhan/ tapi juga aku pribadi.
21. Yang ada kaluwat/ yang mempunyai tadah/ berupa perhiasan/ sebayangnya nur sejati/ semua gerakannya/ serta perut ini//

22// Sinungan wirasanipun / ing manunggalipun ing sih / ingkang angarani ika /
sinung braini Hyang Widi / kang aneng kaluwat ika / aneng jroning aras tursi //

23// Dene tama luhuripun / dhengdheng kursi den anani / mangka kaideran
marang / dhengdheng jalal kang ideri / Samud Ibnu Salam mojar / aleres tuwan
karsani //

24// Ya dhuh Gusti Kangjeng Rasul / punapa dhengdheng kang arsi / jarwa ana
ing kawula / arsine ingkang sajati / Kangjeng Nabi angandika / dene tegese puniki
//

25// Dheng dheng jalal jatenipun / ati kang diwasa niki / kang ana ing jro kaluwat
/ mangke kang katiban inggih , denireng Hyang Maha Mulya / pan patang prakara
iki //

26// Samud Ibnu Salam matur / aleres tuwan karsani / gih Gusti kadi punapa /
araning wujud puniki / kang wonten jroning kaluwat / wujud punapa wastaning //

27// Sawulan wulanireku / Jeng Nabi andika aris / kang kadiyin ing karanan / biya
ingkang wujud kaspi / ingkang johar awal ika / kapindone duka ghai (hlm. 123) b
//

28// Kaping tigane puniku / wujud kaspi johar arbi / kadim iku ing aranan / ping
pat wujudulkan nenggih / Samud Ibnu Salam turnya / leres karsa tuwan Gusti //

29// Gih Gusti punapanipun / Khakekate ingkang jisim / akelawan mulanira / den
pratelaken Gusti / Kangjeng Nabi angandika / khakekate ingkang jisim //

22. Diberi rasanya/ dalam bersatunya kasih/ yang menyebut/ diberi birahi Tuhan/ yang ada kaluwat itu/ ada di aras tursi.
23. Utama luhurnya/ diadakan dhengdheng kursi/ padahal terputar oleh/ dhengdheng jalal yang berputar/ Samud ibnu salam berkata/ benar kehendak Tuan.
24. Wahai baginda Rasul/ apakah makna dhengdheng/ terangkanlah kepada hamba/ maknanya yang sejati/ baginda nabi berkata/ bahwa maknanya ini.
25. Dhengdheng jalal sebenarnya/ hati yang dewasa/ yang ada di dalam kaluwat/ nanti yang kejatuhan/ oleh Tuhan yang Maha Mulia/ adalah empat perkara.
26. Samud ibnu Salam berkata/ benar kehendak tuan/ baginda seperti apa/ nama wujud ini/ yang ada di dalam kaluwat/ wujud apa namanya.
27. Sebulan-bulan/ baginda nabi bersabda pelan/ disebut kadiyin/ biya yang berwujud kaspi/ yang johar awal/ keduanya gaib.
28. Yang ketiga/ wujud kaspi johar arbi/ disebut kadim/ yang keempat wujudkan/ Samud ibnu Salam berkata/ benar kehendak baginda.
29. Baginda apakah/ hakikat jasad/ serta permulaannya/ jelaskanlah baginda/ baginda nabi bersabda/ hakikat jasad.

30// Jatining urip puniku / lan sasi sawulaniki / kang aneng jroning kaluwat /
sasine sapisaniki / ingadhepaken punika / mulgah arane puniki //

31// Yen kalih wulan puniku / kang aneng kaluwat iki / iya iku ing aranan / apan
ngalakah puniki / ping tigang wulan punika / ing aranan nutpah jati //

32// Inggang patang wulan iku / amarullah denarani / duk limang sasi punika / iku
apan den arani / iya iku wujudullah / Ghaibullah kang sajati //

33// Yen kaping nem wulanipun / Ahmadullah denarani / kang pitung wulan
punika / iku ing aranan malih / iya ing aran Muhkamad / kang wolung wulan
puniki //

34// Rabiylakla ranipun / ping sangang wulan puniki / iya iku ing aranan /
Rasulullah kang sajati / lawan iya ing aranan / dhatullah rahsa kang jati //

35// Ya ingkang rahsa puniku / pakumpulan ingkang dadi / karanani ngalihi (h.
124) ka / Samud Ibnu Salam angling / aleres karsa paduka / inggih Gusti kadi
pundi //

36// Kang aran kakekatipun / katitipaning Hyang Widi / kathahnya pinten prakara
/ ingkang nama manuseki / paran bulanipun madya / Jeng Nabi andika aris //

37// Sajatinira puniku / katitipaning Hyang Widi / kang aneng dalem manusa / iya
iku kang kariyin / rasane paningalira / lan rahsaning pangambuning //

30. Sesungguhnya hidup itu/ dan bulan-bulan/ yang ada di dalam kaluwat/ bulan yang sekali ini/ dihadapkan/ namanya mulgah.
31. Jika dua bulan ini/ yang ada di kaluwat/ yaitu disebut/ ngalakah/ yang tiga bulan/ disebut nutpah jati.
32. Yang empat bulan/ disebut amarullah/ ketika lima bulan/ itu disebut/ wujudullah/ ghaibullah yang sejati.
33. Yang keenam bulannya/ disebut ahmadullah/ yang tujuh bulan itu/ itu disebut juga/ muhkamad/ yang delapan bulan ini.
34. Disebut rabiylakla/ yang kesembilan bulan ini/ yaitu disebut/ rasulullah yang sejati/ serta disebut/ dhatullah rahsa yang sejati.
35. Rahsa itu/ berkumpul menjadi/ disebut ngalihi/ Samud ibnu Salam berkata/ benar kehendak baginda/ baginda seperti apa.
36. Yang disebut hakikat/ hakikat Tuhan/ banyaknya berapa perkara/ yang bernama manusia/ apa tengah bulannya/ baginda nabi bersabda pelan.
37. Sesungguhnya/ titipan Tuhan/ yang di dalam manusia/ yaitu yang dahulu/ rasa penglihatan/ dan rahsa penciuman//

38// ping tiga ingkang pangrunu / ping tiga pamiyarsaning / kaping limane
punika / pangrasane ingkang ati / mangke sinaidan sira / durmane⁷⁵⁶ maring
Hyang Widi //

XVIII - Pupuh Durma -

1// Mangka lamun wus diwasa arsa medal / ing lawang agung nenggih / wus
pepak sadaya / sira lir cahyeng surya / datan antara wus mijil / pan tinutupan /
karnanira kakalih //

2// Inggang onggang ambalik puniku iya / netrane den tutupi / medal alikika / dene
wirang sucinya / margane tekaning Ghaib / mangka punika / tebah jajaha takbir //

3// Iya iku maring Hyang Suksma Wasesa / ing sakwusira mijil / iya ing aranan /
apan kang alam padha / ing aran Rasul puniki / sawuse dadya / jagad mangke
puniki //

4// Mangka angarani jagad ibunira / lan ngestokakeniki / mangka kasaidan / kang
ara (hlm. 125) n Rasulullah / Samud Ibnu Salam angling / ya Rasulullah / leres
tuwan karsani //

5// Inggih Gusti kĕlamun rarening Nabi / punapa asal nami / namane punapa /
Kangjeng Nabi andika / oleh jeneng papat iki / dene sebutnya / apan mangkana
nenggih //

⁷⁵⁶ Kata *durmane* adalah sasmitaning tembang yang mengisyaratkan pupuh yang bermetrum *Durma*.

38. Yang ketiga pendengaran/ yang ketiga pendengaran/ yang kelima itu/ perasaan hati/ nanti disaksikan/ oleh Tuhan.

XVIII - Pupuh Durma -

1. Jika sudah dewasa hendak keluar/ di pintu agung/ sudah lengkap semua/ seperti cahaya matahari/ tidak lama sudah keluar/ ditutupi/ dua telinganya.
2. Badan yang terbail itu/ matanya ditutupi/ keluar alikika/ sedangkan sucinya malu/ karena datangnya ghaib/ oleh karena itu/ menepuk dada bertakbir.
3. Yaitu kepada Tuhan yang Maha Kuasa/ setelah keluar/ iya disebut/ alam yang sama/ disebut rasul ini/ setelah jadi/ jagad nanti.
4. Lalu ibunya menyebut dunia/ dan memercayai lalu disaksikan/ yang disebut rasulullah/ Samud ibnu Salan berkata/ wahai rasulullah/ benar kehendak tuan.
5. Benar Baginda jika putra nabi/ apakah nama asalnya/ namanya apa/ Baginda Nabi/ mendapat nama empat/ sedangkan sebutannya/ seperti itu//

6// Kang sawiji alip kelawan sahadat / kapindo maring budi / ping tiga ring nama / kaping pat wujudira / kelawan polah ireki / sampun arupa / sinambut rama bibi //

7// Mangka sinung sahadat kalih kalimah / iku mulanireki / kang sampun diwasa / ing pangucape ika / Samud Ibnu Salam angling / ya Nabining Hyang / amba anut ing Gusti //

8// Gig Jeng Nabi sanat kang tigang prakara / kang paremijil sari / Jeng Nabi andika / genya ingkang punika / pan limang prakara nenggih / mulaken ika / Madiya ingkang nami //

9// Kaping kalih ingkang gariyah punika / ing kamulaken mani / megataken ika / wadiya kang wuriya / rowangira kang dumadi / Samud aturnya / amba atut ing Gusti //

10// Gih Jeng Nabi rare sinalahken ika / punapa ingkang nami / tangan suku molah / angsal jeneng punapa / lawan tan angucap nenggih / Nabi andika / samangkana kang arsi //

11// Suku karo molah aran Sipatullah / tan mulah datan angling / osike kang medal / i (hlm. 126) ku iya ing aran / kang apngalullah puniki / oleh jenengnya / sipat ayun kang alim //

12// Samud Ibnu Salam matur Jeng Mukhamad / atut tuwan karsani / lan Gusti punapa / kang luhurakening Hyang / gih punapa aksaraning / dene akathah / kadadeyanireki //

6. Yang satu alip dan syahadat/ yang kedua kepada budi/ yang ketiga kepada nama/ yang keempat wujudnya/ serta kelakuannya/ sudah berupa/ disambut rama bibi.
7. Lalu diberi syahadat dua kalimat/ itu permulaannya/ yang sudah dewasa/ pada ucapannya/ Samud ibnu Salam berkata/ wahai nabi Tuhan/ hamba mengikut Baginda.
8. Wahai Nabi sanat yang tiga perkara/ yang keluar dengan indah/ baginda nabi bersabda/ tempatnya yang itu/ limang perkara/ mengawali/ madiya namanya.
9. Yang kedua gariyah/ bermula pada mani/ memisahkan/ wadiya yang wuriya/ pembantu Tuhan/ samud berkata/ hamba mengikut baginda.
10. Wahai Baginda Nabi anak yang disalahkan/ apa namanya/ tangan kaki bergerak/ dapat nama apa/ serta tak mengucap/ nabi bersabda/ begitu maknanya.
11. Tangan dua bergerak disebut sipatullah/ tak bergerak tak berkata/ gerakanya yang keluar/ itu disebut/ apngalullah/ oleh namanya/ sipat ayun yang alim.
12. Samud ibnu Salam berkata kepada baginda Muhammad/ ikut kehendak tuan/ dan baginda apakah/ yang meluhurkan Tuhan/ apakah huruf/ mengapa banyak/ kejadiannya.

13// Kangjeng Nabi Rasul alon angandika / sastrane kang kariyin / alip aranira / mungguh ing netranira / aksara eba puniki / mungguhing karna / urip jeneng nireki //

14// Kaping tiga aksara ta ing aranan / apan mungguh ing urip / urup esaika / mungguh ing swaranira / aksara ajim puniki / mungging kapala / kurup eka puniki //

15// Apan mungguh ing embun nembunanira / aksara ete iki / mungguh lambung kiwa / dene aksara era / kelawan eja puniki / mungguh ing iga / kanan kelawan kering //

16// Dene ingkang aksara esin punika / mungguh ing suku kalih / dene kurup esad / kelawan kurup elad / mungguh tapak kanan keru / ingkang ing aran / tulang balakang iki //

17// Lawan malih kang aran aksara eta / kelawan ela iki / munggend napasira / dene ingkang ing aran , iya kang aksara ngain / lan ugin ika / mungguh ing wentis kalih //

18// Dene (hlm. 127) ingkang aksara epa punika / apa mungguh ing ati / kurup ekapa ika / mungguh ing Kalamullah / tegese kalam puniki / sarasaning tyas / aksara ekapa iki //

19// Munggend dhadha kanan kiri iku iya / aksara elam iki / munggend wetengira / sastra emim punika / mungguh ing puser puniki / kurup nun iya / pan mungguh ing cahyaning //

20// Inkang kurup wawu munggend pangandika / aksara eha iki / munggend adhepira / kurup lam alip ika / mungguh ing limpa puniki / aksara ambyah / munggend delamakaning //

13. Huruf wawu terletak pada ucapan/ huruf eha/ terletak di depannya/ huruf lam alif/ letak di limpa/ huruf ambyah/ letak di telapak.
14. Baginda Nabi Rasul pelan bersabda/ huruf yang dahulu/ disebut alip/ letaknya di mata/ huruf ba/ di telinga/ hidup namanya.
15. Yang ketiga disebut huruf ta/ di dalam hidup/ huruf esa/ sedang di suaranya/ huruf ajim/ di kepala/ huruf eka.
16. Terletak di bun/ huruf ete/ letaknya di perut kiri/ huruf era/ serta eja/ letak di iga/ kanan serta kiri.
17. Yang huruf esin itu/ letak di dua kaki/ huruf esad/ serta huruf elad/ letak telapak kanan kiri/ yang disebut/ tulang belakang.
18. Serta yang disebut huruf eta/ serta ela/ letak di nafas/ sedang yang disebut/ huruf ngain/ serta ugin/ letak di dua betis.
19. Sedang yang aksara epa/ terletak di hati/ huruf ekapa/ letak di kalamullah/ maknanya kalam/ kesehatan hati/ huruf ekapa ini.
20. Terletak di dada kanan kiri/ aksara elam/ terletak di perut/ huruf emim itu/ letak di pusar/ huruf nun/ letak di cahaya//

21// Kurup iya apan munggend ing sirira / sirullah den arani / iku cacahira / aksara
 tigang dasa / ingkang munggend sariraning / Samud angucap / pun alip kadi pundi
 //

22// Kangjeng Nabi Rasul alon angandika / sastra alip puniki / pan anglir sosotya /
 kinarya gantine kang / jenenge panasing geni / kang panas ika / dadi cahya puniki
 //

23// Dadi banyu dadi uruh lan buntala / dadi watu puniki / lan wesi dadinya / dadi
 banyu kang mulya / sinungan nyawa puniki / sumalah dunya / sinungan rahsa
 nenggih //

24// Ana ombak ana angin lan grahana / ana kilat puniki / Samud Ibnu Salam /
 atanya Jeng Mukhamad / kadi pundi yen ningali / tengge (hlm. 128) n lan kiwa /
 arsa kelawan wuri //

25// Kangjeng Nabi alon denira andika / ana malekat prapti / ing kanan kiraman /
 katibin ingkang kiwa / lawan mulkan Jabarail / ana katingal / lawan mulkan
 Mikail //

26// Sarwa Ijrail aneng panggandanira / angadeg lan sumandhing / Munkar Nakir
 ika/ angucap ana kilat / roh ira ngucapuniki / ring malaekat / kinen direng Hyang
 Widi //

21. Huruf iya terletak di sir/ disebut sirullah/ itu banyaknya/ tiga puluh huruf/ yang ada di badan/ Samud berkata/ alip seperti apa.
22. Baginda Nabi bersabda/ huruf alip/ seperti permata/ sebagai ganti/ nama panasnya api/ yang panas/ menjadi cahaya.
23. Jadi air jadi busa dan bumi, jadi batu itu, dan jadibesi, jadi air yang mulia, diberi nyawa itu, meletakkan di bumi, diletakkan rahsa juga.
24. Ada ombak ada angin dan grahana/ ada kilat/ Samud ibnu Salam/ bertanya baginda Muhammad/ seperti apa jika melihat/ kanan dan kiri/ depan dan belakang.
25. Baginda Nabi pelan bersabda/ ada malaikat datang/ di kanan kiraman/ katibin di kiri/ serta malaikat Jabarail/ ada terlihat/ serta malaikat Mikail.
26. Ijrail di penciumannya/ berdiri dan bersanding/ Munkar Nakir/ mengucap kilat/ rohnya mengucap/ kepada malaikat/ diminta Tuhan.

27// Samud Ibnu Salam matur Jeng Mukhamad / Gusti paran karaning / roh ing aran dhadha / lawan kakbah punika / Kangjeng Nabi andika ris / minongka dhadha / sakehe para wali //

28// Sakehing dhadha pan Nabi ing aranan / namadi jagad iki / dhadha aran Kakbah / minongka keblatira / sakeh jiwa raga iki / ananing Khakbah / dhaha tengen singgih //

29// Pujenipun dhadha kang tengen punika / yamananu puniki / kang kering punika / mangkana pujenira / yadayanu araneki / iringan kiwa / Yabur anupuniki //

30// Pujinira dhadha kang aneng ayunan / aksarane kakalih / iya lawan eha / dene ta udinira / iya iya upuniki / puji punika / pante talining urip //

31// Iya iku ing aran rupaning napas / tetalining nyaweki / iku rahsaning Hyang / ing aran puji mulya / Samud Ibnu Salam angling / gih Rasulullah / (h. 129) amba nut karseng Gusti //

32// Gih Jeng Nabi punapa kang sampun medal / khakekat nukat ghaib / Jeng Nabi andika / jatining nukat ika / manawa dimadi iki / lan manikemnya / iku rahseng Hyang Widi //

33// Samud Ibnu Salam matur Jeng Mukhamad / leres Tuwan karsani / inggih anut amba / inggih Gusti punapa / tegesipun ingkang mani / madi wadinya / Jeng Nabi andika ris //

27. Samud ibnu Salam berkata kepada Baginda Muhammad/ baginda apa namanya/ roh disebut dada/ serta kakbah/ baginda nabi berkata pelan/ sebagai dada/ sebanyak para wali.
28. Semua dada disebut nabi/ nama agung di dunia/ dada disebut kakbah/ sebagai kiblat/ semua jiwa raga/ adanya kakbah/ dada kanan benar.
29. Doa dada di kanan/ yamananu/ yang kiri/ begini doanya/ yadayanu/ sisi kiri/ yaburanu.
30. Doanya dada yang di depan/ hurufnya dua/ iya dan eha/ sedang pernah dia/ iyaiyau/ doanya/ sebagai tali hidup.
31. Yaitu disebut rupa nafas/ tali nyawa/ itu rahsa Tuhan/ disebut puji mulia/ Samud ibnu Salam berkata/ benar rasulullah/ hamba ikut kehendak Baginda.
32. Baik Baginda Nabi apa yang sudah keluar/ hakikat nukat gaib/ baginda nabi bersabda/ sesungguhnya nukat itu/ jika terjadi/ dan manikem/ itu rahsa Tuhan.
33. Samud ibnu Salam berkata kepada baginda Muhammad/ benar kehendak tuan/ benar ikut hamba/ iya baginda apakah/ maknanya mani/ madi wadi/ baginda nabi bersabda//

34// Tegesing mani kahananing Pangeran / madi cahyaning Widi / ingkang pangandika / iya ing aran nyawa / lawan roh kelawan ati / kelawan badan / pan punika polahing //

35// Iku tingaling Nabi lan walinira / miwah kang para mukmin / Samud lon aturnya / atut tuwan ing karsa / gih Gusti paran kang arsi / sir nalan ana / Nabi andika malih //

36// Nukat gaib ananing alip punika / sirmane ingkang alip / iya ingkang nyata / jatining roh punika / kang ucapaken sireki / ing jiwa raga / kang osikaken kami //

37// Iya iku jatining Pangeran uga / ing kauripan kami / ing mangke ta ing wang / Samud anut ing karsa / ya Mukhamad kadi pundi / wakteng sarira / wektu lelima nenggih //

38// lawan inggih Nabine satunggal tunggal / kelawan aksaraning / lan anine pisan / kang mungguh ing waktu (h. 130) nya / kawula ayun udani / prabedanira / Nabi andika malih //

39// Waktu mahrib urip sakathah ing sembah / mungguh lah olah iki / sastranipun elam / Nabine Enuh ika / dinane punika kemis / waktu kang Isa / mungguh ing uteg nenggih //

40// Dinanipun isnen Nabinipun Isa / sastrane nun anenggih / waktu subuh ika / suci tan kawoworan / mungguh alamira tupik / sastrane ekas / apan akad kang ari //

34. Makna mani keadaan Tuhan/ madi cahaya Tuhan/ perkataannya/ disebut nyawa/ serta roh dan hati/ serta badan/ itu perilaku.
35. Itu mata nabi dan wali/ serta para mukmin/ Samud pelan berkata/ ikut kehendak tuan/ baginda apa maknanya/ hilang dan ada/ nabi bersabda kembali.
36. Nukat gaib adanya alip/ hilangnya alip/ yang nyata/ sesungguhnya roh/ yang diucapkan, di jiwa raga/ yang menggerakkan kami.
37. Yaitu Tuhan yang sejati/ pada kehidupan kami/ sekarang aku/ Samud ikut kehendak/ wahai Muhamad seperti apa/ waktu badan/ yang lima.
38. Serta Nabinya satu-satu/ serta hurufnya/ dan bunyinya sekalian/ yang sesuai waktu/ saya mohon terang/ perbedaannya/ nabi berkata lagi.
39. Waktu mahrib hidup semua ibadah/ menurut olah ini/ hurufnya elam/ nabinya Nuh/ harinya Kamis/ waktu isya/ letaknya di otak.
40. Hari isnen nabinya Isa/ hurufnya adalah nun/ waktu subuh/ suci tidak bercampur/ alamnya tupik/ hurufnya ekas/ harinya akad//

41// Waktu luhur iku ing aranan johar / mungguh ing salab iki / jatine kang salab /
apan pusering jagad / apan jumungah kang hari / alip sastranya / Nabine Musa
nenggih //

42// Waktu asar dununge iku ing sata / Nabinipun Ibrahim / sastranipun eba /
dinanipun selasa / Samud anut karseng Nabi / ya Rasulullah / jatining mata pundi
//

43// Kangjeng Nabi Rasul alon angandika / tegesing netra iki / kalbu jroning nala /
jantung jroning jantungnya / ing jinempuat rahsaning / tan keneng ucap , aken
asmaning Widi //

44// Iku waktu kang sinimpen ing jro dunya / lailaha kang tulis / lan ilallah ika /
Mukhamad Rasulullah / sastrane sarira iki / apan titiga / lam awalan lam wuri //

XIX - Pupuh Pangkur -

1// Samud Ibnu Salam turnya / (h. 131) inggih Gusti kadi pundi arsining / ing
masalah kun puniku / tigang prakawis genya / Kangjeng Nabi angandika maring
Samud / sajatining kun apandat / kang pinanggih para Nabi //

2// Kaping kalih kun hidayat / kang pinanggih marang ing para wali / kaping tiga
namanipun / iku pan kun martabat / kang pinanggih ing para mukmin puniku /
Samud Ibnu Salam mojar / ing sajatining kun pundi //

41. Waktu dhuhur disebut johar/ menurut salab ini/ sesungguhnya salab/
pusat dunia/ jumungah harinya/ alip hurufnya/ nabinya Musa.
42. Waktu asar letaknya di sata/ nabinya Ibrahim/ hurufnya eba/ harinya
selasa/ Samud mengikut kehendak nabi/ wahai rasulullah/ sesungguhnya
mata dimana.
43. Baginda Nabi Rasul bersabda/ maknanya mata/ hati di dalam hati/ jantung
di dalam jantung/ di jinempuat rahsanya/ tak dapat berucap/ nama Tuhan.
44. Waktu itu disimpan di dalam dunia/ lailaha/ dan ilallah/ Muhammad
rasulullah/ huruf badan ini/ tiga/ lam awal dan lam belakang.

XIX - Pupuh Pangkur -

1. Samud ibnu Salam berkata/ baginda seperti apa maknanya/ masalah kun
itu/ tiga perkara/ baginda nabi bersabda kepada Samud/ sesungguhnya kun
adalah dzat/ yang ditemukan para nabi.
2. Yang kedua kun hidayat/ yang ditemukan para wali/ yang ketiga namanya/
kun martabat/ yang ditemukan para muknin/ Samud ibnu Salam berkata/
sesungguhnya kun dimana//

3// Kangjeng Nabi angandika / dene arsinira kang kun puniki / kun hidayat kang puniku / iskinira Pangeran / kun murtopat iku asik wastanipun / Sang Hyang Suksma angandika / kun asyak arane iki //

4// Iku magsuking Pangeran / kang angliyepaken dening wong mukmin / edzat pegat mangkenipun / pun Samud anut sira / inggih dhateng karsane Jeng Nabi Rasul / ature Samud punika / inggih Gusti kadi pundi //

5// Inggih ing saderengira / wonten alam kusus wonten punapi / jatine tetelanipun / bedane den tetela / gih kawula anuwun ing terangipun / kangjeng Nabi angandika / apan mangkana jatining //

6// Iya ingkang ing aranan / alam kusus apan puniku suci / jinenengaken aruhur / akathah pencarira / kang karuhun ing aranan kang puniku / wujud sir (h. 132) iyah sinambat / apan samar ingkang arsi⁷⁵⁷ //

7// Kaping kalih ing aranan⁷⁵⁸ / wujud siringaku rahseng Hyang Widi / kaping tigane puniku / wajibul wujud ika / gang pinarlokaken denireng Hyang ruhur / alam laut iku iya / jujuluk kira puniki //

8// Iya ing aranan jagad / ajujuluk Nurullah kang puniki / norana pratelanipun / anglahiraken aras / muwah kursi kelawan swarga puniku / kelawan ingkang neraka / jinulukan iku singgih //

9// Nur wilayah aranira / datanana pegate sinungan sih / deningreng Hyang Maha Luhur / jinulukan punika / apan Jujaryatim namane puniku / anane langgeng tan owah / jeneng Abdurahman iki //

⁷⁵⁷ tēgēse

⁷⁵⁸ jinulukan

3. Baginda nabi bersabda/ sedang makna kun ini/ kun hidayat/ iski Tuhan/ kun murtapat itu asik namanya/ Tuhan berfirman/ kun asyak namanya.
4. Itu masuknya Tuhan/ yang menidurkan orang mukmin/ dzat yang terpisah/ Samud mengikut/ benar baginda nabi rasul/ kata Samud/ baginda bagaimana.
5. Sebelumnya/ ada alam kudus ada apa/ sesungguhnya terangnya/ perbedaannya terangkanlah/ hamba mohon terang/ baginda nabi bersabda/ begitu sebenarnya.
6. Iya yang disebut/ alam kudus itu suci/ dijadikan tinggi/ banyak cabangnya/ yang dahulu disebut/ wujud siriyah/ samar maknanya.
7. Yang kedua disebut/ wujud siringaku rahsa Tuhan/ yang ketiga/ wajibul wujud/ yang diwajibkan oleh Tuhan/ alam laut/ namanya.
8. Iya disebut dunia/ bernama nurullah/ tidak ada keterangannya/ melahirkan aras/ serta kursi dan surga/ serta neraka/ disebut benar.
9. Cahaya wilayah/ tidak ada putusnya diberi kasih/ oleh Tuhan yang Maha Luhur/ dinamakan/ jujaryatim/ adanya abadai tidak berubah/ nama abdurahaman//

10// Ajal pasthine dzat ira / ing aranan Sirullah iku singgih / kalakuwaning Hyang Agung / kang ing aranan arwah⁷⁵⁹ / ilapi lawan Wujudullah puniku / jenenging kawula ika / anelawan rahsa mami //

11// Samud Ibnu Salam turnya / inggih Gusti punapa kang sajati / sipat kamal aranipun / lawan kang sipat jamal / kadi pundi jatine sipat puniku / Kangjeng Nabi angandika / pan iku patemoning sih //

12// Tegesi rasih punika / pasenetanireng Hyang Maha Suci / aneng puad pernahipun / dene temuning rahsa / ing Hyang Suksma sanubari (hlm. 133) enggenipun / iku jatine kang mulya / de tegesing sipat kalih //

13// Sipat jamal lawan kamal / iya urip lawan kang anguripi / sipat jalal tegesipun / iku ing aran tunggal / agung karsa maring sira Hyang kang luhur / Samud Ibnu Salam turnya⁷⁶⁰ / aleres karsaning Gusti //

14// Ki Samud umatur nembah / inggih Gusti punapa kang sajati / kang aran sipat puniku / sipat jamal punika / lawan inggih kang sipat kahar puniku / Kangjeng Nabi angandika / tegesing sipat puniki //

15// Arsine kang sipat jamal / patemoni kawula lawan Gusti / dene kaping kalihipun / apan jatining rahsa / artinipun⁷⁶¹ kang sipat kahar puniku / wisesanireng Hyang Suksma / marang⁷⁶² ing ati nireki //

16// Maha Suciningsun iya / tunggal rahsa ingsun lawan Hyang Widi / iya Gusti iya ingsun / apanta datan beda / ana Gusti ana kawula puniku / apan tan pegat punika / sipat kahar jeneng neki //

⁷⁵⁹ roh

⁷⁶⁰ mojar

⁷⁶¹ tēgēsipun

⁷⁶² datēng

10. Ajal pastinya dzat/ disebut sirullah itu benar/ tindakan Tuhan/ yang disebut arwah/ ilapi dan wujudullah/ nama hamba/ melawan rahsaku.
11. Samud ibnu Salam berkata/ benar baginda apa yang sesungguhnya/ sifat kamal/ serta sifat jamal/ bagaimana sesungguhnya sifat itu/ baginda nabi berkata/ itu bertemunya kasih.
12. Maknanya/ persembunyian Tuhan yang Maha Suci/ di puad tempatnya/ sedangkan bertemunya rahsa/ tempatnya di sanubari Tuhan/ itu sesungguhnya yang mulia/ maknanya sifat dua.
13. Sifat jamal dan kamal/ yaitu hidup dan menghidupi/ sifat jalal maknanya/ disebut satu/ agung kehendaknya kepada Tuhan yang Luhur/ Samud ibnu Salam berkata/ benar kehendak Tuhan.
14. Samud berkata sambil menghormat/ benar baginda apa yang sesungguhnya/ yang bernama sifat itu/ sifat jamal itu/ serta sifat kahar/ baginda nabi bersabda/ maknanya sifat ini.
15. Maksudnya yang sifat jamal/ bertemunya hamba dan gusti/ sedangkan yang kedua/ sebenarnya rahsa/ artinya yang sifat kahar/ kekuasaan Tuhan/ kepada hatinya.
16. Maha Suci aku/ tunggal rahsa aku dan Tuhan/ Tuhan ya aku/ tidak ada yang beda/ ada Tuhan ada hamba/ tidak berpisah/ sifat kahar namanya//

17// Pan Dzatullah jenenging wang / sadurunge ana asya puniki / kelawan sawuse iku / tan beda lan Dzatullah / sangkanipun kawula angaku iku / sinungan ilmu Hyang Suksma / sipat kahar aran mami //

18// Samud Ibnu Salam turnya / inggih Gusti anut tuwan karsani / iyeku dadalaning sun / kang wruh dhateng Pangeran / lawan utusan sarta male (hlm. 134) kaiku / gih Gusti kadya punapa/ tegesing Allah kang jati //

19// Kang Jeng Nabi angandika / tegesipun Allah ingkang sajati / tan parupa warna iku / tan gingsir datan obah / datan anyar tan wuwutan suda iku / datan jisim datan johar / datan andarbeni ati //

20// Tan isor datan luhurnya / sajatine aneng pusering bumi / ing Khakbah enggen Hyang Luhur / Khakbatullah kang prenah / ingkang aran Kakbatullah iya iku / ati kang suci tingalnya / adheping bismillah jati //

21// Samud Ibnu Salam mojar / ingkang pundi jatining Allah nenggih / kangjeng Nabi andika rum / kang aran Allah ika / wujud karsa ing rasane tyasireku / rasaning roh sajatinya / iku kang aran Hyang Widi //

22// Sajatining ilmu ika / terep uga mangke ing Sang Hyang Widi / iya esir ira iku / nyata ilmuning wang / kang pinuji dening malaekat iku / kelawan kang bapa Adam / muwah para nabi wali //

17. Dzatullah namaku/ sebelumnya ada asya/ serta sebelumnya/ tidak berbeda dengan dzatullah/ asalnya hamba mengaku itu/ diberi ilmu Tuhan/ sifat kahar namaku.
18. Samud ibnu Salam berkata/ benar baginda ikut kehendak tuan/ yaitu jalanku/ yang melihat Tuhan/ serta utusan serta malaikat/ baginda bagaimanakah/ makna Allah yang sejati.
19. Baginda Nabi bersabda/ maknanya Allah yang sejati/ tanpa rupa tanpa warna/ tidak berubah/ tidak baru tidak berkurang/ bukan jasad bukan johar/ tidak memiliki hati.
20. Tidak rendah tidak tinggi/ sesungguhnya di pusat bumi/ di kakbah tempat Tuhan/ khakbatullah tempatnya/ disebut kakbatullah/ hati yang suci/ bismilah sejati.
21. Samud ibnu Salam berkata/ dimana sesungguhnya Allah/ baginda nabi bersabda/ yang disebut Allah/ wujud kehendak di dalam rasa hati/ rasa roh sejati/ itu yang disebut Tuhan.
22. Sesungguhnya ilmu itu/ tetap Tuhan/ yaitu sir itu/ tempat ilmuku/ yang terpuji oleh malaikat/ serta bapa Adam/ serta para nabi wali.

23// Iku pakarembaning wang / lawan malaekat kabeh puniki / kelawan wali puniku / muwah mukmin sadaya / Samud anut ing karsaning Nabi Rasul / inggih Gusti kadya paran / jatining wong karem nenggih //

24// Kangjeng Nabi angandika / jatenipun para Nabi puniki / karem ing Dzatullah iku / wali mangke punika / ka (h. 135) remipun ing Sipatullah puniku / muwah mangke mukmin ika / karem ingkang apngal jati //

25// Karem maring rasaning dzat / datan pegat mangke tingaling ati / iya Gusti iya ingsun / tan ana prabedanya / Kyai Samud Ibnu Salam mangke matur / aleres ing karsa tuwan / inggih Gusti kadi pundi //

26// Punapa tegesing napas / lan tenapas kelawan anpas nenggih / Kangjeng Nabi andika rum / tegesing napas ika / tatalineng urip ireng Hyang kang luhur / iya ing aranan rahsa / jatanipun roh ilapi //

27// Tegese tanapas ika / ing aranan nyawa ingkang sajati / urip menenge puniku / tegese urip ika / datan obah lan datan gingsir puniku / iku sipating Hyang Suksma / karena tan owah gingsir //

28// Tegese anpas punika / ingkang awor sakehing rahsa jati / puniku jeneng Hyang Agung / ingkang adarbe polah / sakathahe kang ana kabeh puniku / kang lahir lan batinira / Ki Samud umatur aris //

29// Mulanira ana napas / lan tan napas lan anpas kadi pundi / Kangjeng Nabi alon muwus / tegesing napas ika / kun punika mangakun kablakun iku / jatine kang esir mutlak / kang aneng jro jantung nenggih //

23. Itu kesukaanku/ serta malaikat semua/ serta wali/ serta mukmin semua/
Samud mengikuti kehendak rasul/ baik baginda bagaimanakah/
sesungguhnya orang suka.
24. Baginda Nabi bersabda/ sesungguhnya para nabi/ suka dengan dzatullah/
wali itu/ kesukaannta sifatullah/ serta mukmin/ suka dengan apngal jati.
25. Suka dengan rasa dzat/ tidak terpisah mata hati/ iya Tuhan ya aku/ tidak
ada bedanya/ Samud ibu Salam berkata/ benar kehendak tuan/ baginda
bagaimanakah.
26. Apa maknanya napas/ dan tak bernafas serta anpas/ baginda nabi bersabda/
makna nafas/ tali hidup Tuhan yang Maha Luhur/ disebut rahsa/
sesungguhnya roh ilapi.
27. Maknanya tak bernafas/ disebut nyawa sejati/ hidup diam itu/ maknanya
hidup/ tidak berubah dan tidak bergerak/ itu sifat Tuhan/ sebab tidak
berubah.
28. Makna anpas itu/ yang bercampur semua rahsa sejati/ itu nama Tuhan/
